ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЫАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№165 (23.323) ● 2016 гъэм шыщхьэгъуІ (августым) и 25, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Правительствэм

Терроризмэм зэрыпэщІэтыну Іэмалхэр яубзыху

КЪБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щыізэхэтащ республикэм терроризмэм щыпэщІэтыныжмкІэ и комиссэмрэ щыналъэм и Оперативнэ штабымрэ я зэІущІэ. КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий ар иригъэкІуэкІащ.

ЗЭІУЩІЭМ и пэщІэдзэм КЪБР-м и Іэтащхьэр Іуащхьэмахуэ район администрацэм и унафэщІ **Уянаев Кязим** и махуэ лъапІэмкІэ ехъуэхъури, щыналъэм и ижьрей зэманым игъэта зыужьыныгъэфІхэм хигъэхъуэну, дяпэкІи а Іэнатіэр иригъэфІэкІуэну къыхуриджащ.

Республикэм егъэджэныгъэ щекІуэкІ и Іуэхущапіэхэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным, ЩІэныгъэм, КЪБР-м и Къэралыгъуэм, Терроризмэм пэщІэтыным я махуэхэр гъэлъэпІэным иращІэкІ даудзапщэхэм терроризм, экстремизм хьэгъэщагъэхэр кьыщымыгъэхъуным теухуауэ щытащ апэу зытепсэлъыхьар.

- Мыгувэу республикэм махуэшхуэ зыбжанэ щекІуэкІынущ. Дэтхэнэ зы Іуэхугъуэри кьызыхуэтыншэу едгъэкІуэкІым къыщымынэу, ахэр шынагъуэншэу къыздгъэпэщыныр ди къалэн нэхъыщхьэщ. Абы ипкъ иткІэ махуэшхуэхэр здэщыІэну щыІэпІэхэм шынагъуэншагъэр къыщызэпамыдыж папщІэ къэпщытэныгъэ ткІийхэр щегъэжьагъэкІыпхъащ. Республикэм терроризмэм пэщІэтыныжмкІэ и комиссэмрэ щыналъэм и оперативнэ штабымрэщ Іэхэр эи пщэ къыдэхэри, абыхэм ирагъэкІуэкІа къэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэм кьыщагъэта ныкъуасныгъэхэр и зэманым зэрызэдгъэзэхуэжьыным дыхущІэкъупхъащ.

КЪБР-м щыІэ МВД-м и министрым и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **Тату Кьазбэч** и къэпсэлъэныгъэр республикэм щыпсэухэм я шынагъуэншагъэр махуэшхуэхэм къызэрыщызэрагъэпэщынум теухуат. Абы зэрыжиІамкІэ, а пІалъэм къэнибыдэу щыху минитІым къызэхуэсахэр яхъумэнущ. ОВД, ЧОП, ЦІыхубэ дружинэ, казачествэм щыщхэм зэгъусэу республикэм щыпсэухэм я мамырыгъэр зэхъэзрагъэпэщынущ. ЗыгуэркІэ, хуей хъумэ, Іуэхум къыхагъэхьэну щыху щхьэхуэхэри ягъэхьэзыращ. ЩІыналъэхэм я шынагъуэншагъэр къызэрызэрагъэпэщынум теухуа егъэджэныгъэ лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІащ.

Татум зэрыжиІамкІэ, егъэджэныгъэлэжьыгъэ къыщызэрагъэпэщу республикэм и Іуэхущапіэ 556-рэ къапщытати, 137-р видео кІэлъыплъныгъэкІэ къызэгъэпэщакъым, 108-м полицэр пІащІэгъуэкІэ къызэребджэ яІэкъым, инженерт-техникэ ныкъусаныгъэу 542-рэ кьахутащ. Комиссэм иригъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм тепщІыхьмэ, республикэм и еджапІэхэм гъэ еджэгъуэшэм хуэмыхьэзыр яхэткъым. Іуэхущапіэ 414-р ОВО-м и нэІэ щІэтщ, 57-р ЧОП-м яхъумэ.

Гъэ еджэгъуэщІэм я министерствэр зэрыхуэхьэзырым кІэщІу и гугъу зыщІа КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ министр **Емуз Нинэ** зэрыжиІамкІэ, республикэм и еджапІэхэм ныбжьыщІэ мин 93-м щІэныгъэ щызрагъэгъуэт. Абыхэм ящыщу сабий мин 12-р мы гъэм япэ кІассым макІуэ. Илъэс къэс шиолым щІэтІысхьэ сабийхэм я бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъур къыхигъэщащ министрым. Еджапіэхэм я щытыкІэр кьапщытэну къызэрагъэпэща комиссэм къызэриГъэлъэгъуамкІэ, ди республикэм и школхэм я процент 98-р гъэ еджэгъуэщІэм хузхьэзырщ. Ауэ Безэнги дэт курыт еджапІэр зэрагъэпэщыжьын яухакъым, Жэмтхьэлэ Ипщэ щауху школыр жэпуэгъуэм и пэщІэдзэхэм нагъэсыну аращ.

Терроризмэм пэщІэтыным теухуауэ ирагъэкІуэкІ хъыбарегъащІэ лэжьыгъэхэм, псом хуэмыдэу Интернетым а Іуэхур зэрыщагъэкІуатэм, 2016-2018 гъэхэм терроризмэм ди къэралым зэрыпэщІэтыну хуагъэпса планыр зэрызэащІэм теухуауэ щытащ етІуанэу зытепсэлъыхьар.

Хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я лжьыгъэр зэрыщІагъэхубжьам и фІыгъэкІэ республикэм терроризм щынагъэншагъэр нэхъ мащІэ зэрыщыхъуар, ауэ щыхъукІи щІэпхъаджащІэхэм иджыри ди щІалэгъуалэр зэрызэхашэм, апхуэдэхэм гуитІщхьитІ ящІауэ гу зылъатэ ныбжьыщІэхэм я нэІэ ятхрамыгъэкІыу гъэзгу захуэ трагъэувэжьыным и мыхьэнэр зэрыльагэр къыщыхигъэщащ КІуэкІуэ Юрий и къэпсэлъэныгъэм.

КЪБР-м и министр **Къуэшрокъуэ Залым** и къэпсэлъэныгъэм къызэрыхигъэщамкІэ, КЪБР-м и Іэтащхьэм и унафэкІэ межведомственнэ гуп республикэм къыщызэрагъэпэщауэ а унэтІыныгъэмкІэ мэлажьэ. Абыхэм ящІэну я мурадхэм ящыщу хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм драгъэкІуэкІыну траухуа семинарым и заукъуэд къэнар, ауэ ари фокІадэ мазэм фІэмыкІыу щыІэнущ. Террористхэм я Іуэмтым ирагъуэвэну шынагъуэ къызытрахьэ щІалэгъуалэм Іэнатіэхэм терроризмэмрэ экстремизмэмрэ ебэныным хуэгъэпсауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм я гугъу ищІащ. Диным теухуа псалъэмакъхэр мызэ-мытІэу къызэралэтар, я нэтынхэм дин лэжьакІуэхэр къызэрыхаГъэхьэр, хэкупсэу щІэблэр къэгъэтэджынымкІэ, гуэзвэгъуэ ихуа щІыхум ищІапхъэхэмкІэ лэжьыгъэ мымащІэ зэрызэфІагъэкІым къызэхуэсахэр абы щигъэгъуэзащ.

ЦІыхухэр куэду щызэхуэс щІыпІэхэр шынагъуэншэу къызэрызэгъэпэщам теухуауэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ Прохладнэ къалэ округым и унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Тараев Игорь**, Прохладнэ щІыпІэ администрацэм и унафэщІ **Ячный Игорь**, Май мэкъумацІэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Шагин Сергей** сымэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

2016 гъэм и етІуанэ кварталым цІыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэр зыхуэдизыр КЪБР-м ис социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещІыхьауэ гъэувыным и Іуэхухі э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм щыщхьэгъуІ и 16-м *Налшык къалэ* *№145-ПП*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщІэ цІыхур нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэр зыхуэдизым и Іуэхукіэ» 2005 гъэм накъыгъэм и 18-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №30РЗ-м и 4-нэ статьям и Іыхьэ 1-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэм къызэрыхилъхьам тету 2016 гъэм и етІуанэ кварталым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэр зыхуэдизым и Іуэхукіэ щыІэ зэмылІэужьыгъуэхэр къызэрегъэпэщ.

МЫ ГЪЭМ центрым и лжьакІуэхэм унагъуэ нэхъ хуэмышІахэм я сабийуэ 80-м щигъу кьалэм дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм щыщхьэгъуІ и 26-м сыхьэт 11-м щызэхуашэсынрэ концерт гъэщІэгъэн ирагъэлъагъунущ. Ар зэфІэкІа нэужь дэтхэнэми иратынущ школым къыщигъэсэбэпыну Іэмэпсымэхэр.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ.

Олимпиадэм дыжьын медаль къыщызыхьа Джэду Іэниуар гуапэу къырагъэблэгъэж

Ди лъахэгъу цІэрыІуэ, Рио-де-Жанейрэ щыІа Олимп джэгухэм бэнэныгъэ гуащІэ щезыгъэкІуэкІа икІи дыжьын медалыр къыщызыхьа Джэду Іэниуар Москва къэсыжащ. Псоми зэрэкъыпэуу къальытащ абы иригъэкІуэкІа иужьрей зэІущІэр Олимпиадэм и зэпеуэ нэхъ гуащІэ дыдэу щытауэ.

НЭХЪ япэкІэ фэбжь игъуэта пэтми, Іэниуар къикІуэт имыщІэу бэнащ икІи дуней псом щигъэлъэгъуащ ерыщагъ ин зэрыхэлъыр, хэкум и щІыхьыр хъумэным къимыкІуэтыжу зэрыхущІэкъуар. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр а зэпэщІэтыныгъэм хуабжьу пІейтейуэ кІэлъыплъащ.

Бэнакіуэм лъэщу зыкъызэригъэлъэгъуар УФ-м и Олимп комитетым и президент Жуков Александр къыхигъэщхьэхуІащ. Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий жиІащ Іэниуар и дыжьын медалыр дыщэ медалу зыбжанэм нэхъри зэрынэхъ лъапІэр, абы кІэух зэІущІэр лІыхъужьыгъэ хэлъу икІи щхьэмыгъаззу зэрыригъэкІуэкІар.

Спортсмен гъэзэджэр къырагъэблэгъэжьын папщІэ Шереметьевэ и аэропортым кІуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лІыкІуэу зэпымыууэ Москва щыІэ Быкъыш Ратмир, къэрал властым и федеральнэ органэмрэ Москва и Правительствэмрэ ядалэжьэныр къызэгъэпэщынымкІэ КЪБР-м и Іэтащхьэм и лІыкІуэ хэха - КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Губин Геннадий, спортыр фІыуэ зыльІагъуэкІэ, гъэсакІуэкІэ, спортсменхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэ щхьэхуэхэм я лІыкІуэхэр, щэнхабзэм и лжьакІуэхэр, бэнакІуэм и благъэхэмрэ и ныбжьэгъуэхэмрэ. Абыхэм Урысейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым я ныпхэр яІыгът. Утыкум итт адыгэ фащэ зыщыгъ къэфакІуэхэр.

«Уэ итпэжьпІэкІэ лІыхъужьыгъэ зепхащ икІи уэркІэ пагэщ зэрыщыту ди Урысейр»,- жиІащ Губин Генадий спортсменыр къыщыригъэблэгъэжьым.

Апхуэдэу гуапэу къызэрырагъэблэгъэжам папщІэ Джэду Іэниуар игукІи и псэкІи фІыщІэ яхуищІащ Урысейм спортым дихьхьыу исхэм, езыр щалъуа Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

● Бахъсэн щыналъэ

Кыщпэкыр нэхъ дахэ мэхъу

Кыщпэкым лэжьыгъэшхуэ щрагъэкІуэкІ къуажэм и теплъэр егъэфІэкІуэныжмрэ къабзагъэмрэ теухуауэ.

ИДЖЫБЛАГЪЭ къуажэ администрацэм и унафэкІэ ягъэсеящ хабзэм къемызэгъыу къызэрагъэпэща кІэрыхубжьэрыху гъэтІылъыпІэхэмрэ пхъэнкІий идзыпІэхэмрэ, а щІыпІэм мывэкІэщхъ захуэу тракІутэжащ. Мы лэжьыгъэхэр къызэхуэтыншэу кьрихьэлІащ «Байер» ООО-м.

Къуажапщэм апхуэдэу щагъэкъэбзащ икІи зэрагъэпэщажащ хьэсэнкъхэм псы зэрыщІагъэльадэ кІэнаузэм ящыщу 1 километр. КІэнауэхэм я фІыгъэкІэ гъаваплъхэм уэру зэгуэр кІащІэлъадэу щита псыр хъарзынэу къызэтеувыІащ - уэшхыпс лейр абы йолъадэ.

Кыщпэкым и еджапІэхэр, сабий садхэр, къулыкъущІапІэхэр бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зэрыгъэхьэзыращ. Апхуэдэу ягъэхьэзыращ къуажэкъум щагъэувыну трансформаторыщІэмрэ къуажэкІэм щыпсэухэр зэфэну псы кьабзэр къызыщІашыну щыпІэмрэ я проектхэр.

Мылъку зыбгъэдэлъ цІыхухэр зыдигъэІэпэкъуурэ щыпІэ администрацэм унэ хуеухэу хуэмыщІауэ псэу зы унагъуэм.

Къуажэ унафэщІхэм я мурадщ 2016 гъэр икІыху къуажэ кІэуцІ гъэугу метр 800 зыхуей хуагъэзэну. Абы зэ елэжьыгъуэкІэ мывэкІэщхъ зэщІэлъ тракІутэнущ.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахъсэн щыналъэ администрацэм и хъыбарегъащІэ Іэнатіэ.

Мы махуэхэм

Шыщхьэгъуі и 25, *махуэку*

♦**1949 гъэм** Москва къащыщэзІуахащ мамырыгъэм и теЛъхьэхэм я япэ Союзэпсо конференцыр

♦**1960 гъэм** Италием и кьалащхьэ Рим къащыщэзІуахащ XVII гъэмахуэ Олимп джэгухэр. Ахэр фокІадэм и 11 пщІондэ екІуэкІащ.

♦**1990 гъэм** Абхъазым и Совет Нэхъыщхьэм хэІущыІуэ ищІащ я щІыналъэр Куржым и унафэм зэрыщІэмытыжыр.

♦**1997 гъэм** УФ-м и Президент Ельцин Борис Іэ щІидзащ «Культура» урысейпсо къэрал телеканалыр къызэгъэпэщыным теухуа унафэм.

♦Рюриковичхэ ящыщ япэ урыс пащтыхь, адыгэ мальхъэ **Иван IV Грозный** къызэралъхурэ илъэс 486-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр, актёр, СССР-м и цІыхубэ артист **Данелие Георгий** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Инджылыз, америкэ киноактёр, продюсер, «Оскар» саугъэтыр зыхуагъэфэща **Коннери Шон** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цІыхубэ артисткэ **Тереховэ Маргаритэ** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Кинорежиссёр, сценарийхэр зытх, продюсер, УФ-м и цІыхубэ артист **Соловьёв Сергей** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Нейрохирург, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КЪБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лжьакІуэ **Семэн Жаннэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Публицист, КЪБР-м и Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ **Къазанш Людмилэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Нэмыцэ модель, актрисэ, жылагъуэ лэжьакІуэ **Шиффер Клаудие** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуалэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 31-рэ, жэщым градус 20 - 22-рэ щыхъунущ.

Шыщхьэгъуі и 26, *мэрем*

♦**Абхъазыр къэрал щхьэхуэу зэрыщытыр Урысей Федерацэм къыльытащ.**

♦**Осетие Ипщэр къэрал щхьэхуэу зэрыщытыр Урысей Федерацэм къыльытащ.**

♦**1382 гъэм** тэтэр хъан Тохъутэмыщ и дзэм Москва щыубыдащ икІи абы лыгъэ ириидащ. КъыкІэлъыкІыгъэ яубыдат Владимир, Переяславль, Юрьев, Звенигород, Можайск къалэхэр.

♦**1728 гъэм** Беринг Витус Америкэмрэ Азиемрэ я псыджьпІэр къихутащ. Абы къэхутакІуэм и цІэр фІащыжащ.

♦**1943 гъэм** советыдзэм Днепр псыр нэмыцэ зэрыпхуакІуэхэм къаІэщІэгъэкІыжьыным, Украинэм щыщ Іыхьэр хуит къащІыжьыным хуэунэтІа зауэм щидзащ.

♦**1972 гъэм** Германием и Мюнхен къащыщІэщІэІуахащ XX Гъэмахуэ Олимп джэгухэр. ФокІадэм и 10 пщІондэ екІуэкІа а зэхьэзэхуэхэм хэтащ къэрали 121-м я лІыкІуэу цІыху 7170-рэ.

♦**1908 гъэм** Тыркум япэ Адыгэ Хасэ къащыщэрагъэпэщащ.

♦**1991 гъэм** РАН-м прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтыр къызэІуахащ.

♦Америкэр зэрыщыІэр къэзыхуа **Колумб Христофор** къызэралъхурэ илъэс 565-рэ ирокъу.

♦Урысей кинорежиссёр, оператор, актёр, композитор, фильм зыбжанэм я сценарийкэр зытха **Тодоровский Пётр** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Педагогикэ щІэныгъэм я доктор, Педагогикэ егъэджэныгъэмкІэ дунейпсо академием и член-корреспондент **Зэгъэщтокъуэ Хьисэ** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Арлазоров Ян** къызэралъхурэ илъэс 69-рэ ирокъу.

♦«Тетраграф» ООО-м и унафэщІ, ДАХ-м и саугъэтыр зыхуагъэфэща **Шакъ Елберд** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Урысей уэрэджьлакІуэ, музыкант, композитор **Земфирэ** и ныбжьыр илъэс 38-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуалэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 29-рэ, жэщым градус 19 - 22-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ.**

Къэзанш Л. Б. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын **Къазанш Людмилэ Борис и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм шыщхьэгъуІм и 24-м
№95-УГ

● Хъуэхъу

И махуэшхуэр дыдогъэлъапІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт Къэзанш (Ахъмэт) Людмилэ Борис и пхъум и цІэр зэхэзымыха, и Іуэху зехьэкІэфІым щымыгъуазэ яхэткъым лъэпкъ журналистхэм я лжьакІуэхэм.

Жэуаплыныгъэ ин зыпылъ Іэнатіэр екъуІэныгъэкІэ езыхьэкІ лэжьакІуэ щыпкъэ, унафэщІ Іэкіуэлъакіуэ, бзыльхугъэ гуащІафІэм и ныбжьыр ноби илъэс бжыгъэ дахэ ирокъури, и махуэшхуэр дыдогъэлъапІэ икІи ди гуапэу дохъуэхъу и пщІэр лъагэу, узынщагъэ иІэу, насыпым щымышІэу, зыщІэхъуэпс, фІыгъуэу къИльытэ псомкІи Тхьэр кьыхуэупсэрэ и дунейр дахэу куэдрэ псэну!

«Адыгэ псалъэ» газетым и лжьакІуэхэр.

Къэзанш Людмилэ теухуа тхыгъэм 2-нэ напэкІуэцІым фыкъыщеджэ.

● Іуащхьэмахуэ щІыналъэ

«Тхылъхэм я губгъуэм»

Сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр гукъинэжу зэрекІуэкІыным я зэфІэкІ псори ирахьэлІащ Іуащхьэмахуэ щІыналъэм и къуажэ библиотекэхэм я лжьакІуэхэм.

ЭЛЬБРУС жылагъуэм дэт тхылъхъумапІэм «Тхылъхэм ящІыгъуу дунеяплъэ» фІэщыгъэм щІэту кьыщызэрагъэпэща еджэныгъэхэр сабийхэми абыхэм я адэ-анэхэми сыткІи ягу ирихьащ. «ЕджапІэ губгъуэм» яша цІыкІухэр гупурэ итІысыкІат, щхьэж фІыуэ илъагъу тхылъыр иІыгъыу. Нэхъыбэм къыздахьар Пушкин, Маршак, Крылов, Шварц сымэ я Іэдакъэ къыщІэкІа сабий усэхэмрэ таурыхъхэмрэт.

Гъэгъа зэмыфэгъухэм зэщІащта губгъуэм щитІысыкІа щІэджьыкІакІэ цІыкІухэр усэхэм кьеджащ, таурыхъхэм кьытращІыкІа теплъэгъуэхэр ягъэлъэгъуащ, уэрэд жаІащ. Иужькіэ ахэр щагъэгъуэзащ а зыщапІыхьхь щІыпІэхэм къыщыкІ удз лІэужьыгъуэхэмрэ абыхэм ящыщу нобэ Тхылъ пльыжьым ихуахэмрэ. Абыхэм жраІащ Іуащхьэмахуэ лъапэ и щІыуэпс теЛъыджэм цІыхум и узынщагъэмкІэ иІэ мыхьэнэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Бахъсэн щыналъэ

Кьуажэ щІэныгъэ

Шыщхьэгъуі и 25, *махуэку*

♦**1869 гъэм** Адыгэ Хасэм и Унафэщ **Къазанш Людмилэ** Борис и пхъум и ныбжьыр илъэс 70-рэ ирокъу.

♦**1908 гъэм** Тыркум и Адыгэ Хасэ къащыщэрагъэпэщащ.

♦**1991 гъэм** РАН-м и прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтыр къызэІуахащ.

♦Америкэр зэрыщыІэр къэзыхуа **Колумб Христофор** къызэралъхурэ илъэс 565-рэ ирокъу.

♦Урысей кинорежиссёр, оператор, актёр, композитор, фильм зыбжанэм я сценарийкэр зытха **Тодоровский Пётр** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Педагогикэ щІэныгъэм я доктор, Педагогикэ егъэджэныгъэмкІэ дунейпсо академием и член-корреспондент **Зэгъэщтокъуэ Хьисэ** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Арлазоров Ян** къызэралъхурэ илъэс 69-рэ ирокъу.

♦«Тетраграф» ООО-м и унафэщІ, ДАХ-м и саугъэтыр зыхуагъэфэща **Шакъ Елберд** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Урысей уэрэджьлакІуэ, музыкант, композитор **Земфирэ** и ныбжьыр илъэс 38-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуалэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 29-рэ, жэщым градус 19 - 22-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ.**

Школ щІэтІысхьэжьыгъуэм ирихьэлІэу цІыкІухэр ягъэгушхуэну загъэхьэзыр

Хабзэ хъуауэ, илъэс къэс гъэ еджэгъуэщІэм ипэ къихуэну КЪБР-м Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымкІэ, социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэм социальнэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ и центру Налшык дэтым псапащІэ Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэр къызэрегъэпэщ.

МЫ ГЪЭМ центрым и лжьакІуэхэм унагъуэ нэхъ хуэмышІахэм я сабийуэ 80-м щигъу кьалэм дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм щыщхьэгъуІ и 26-м сыхьэт 11-м щызэхуашэсынрэ концерт гъэщІэгъэн ирагъэлъагъунущ. Ар зэфІэкІа нэужь дэтхэнэми иратынущ школым къыщигъэсэбэпыну Іэмэпсымэхэр.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ.

«Спартак-Налшыкыр» кубокым щытокІуэ

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкІэ и кубокыр кьахьыным теухуауэ 2016-2017 гъэхэм екІуэкІ зэхьэзэхуэм «Спартак-Налшыкыр» дыгъуэпшыхь хьыхьащ. Финалым и 1/32-нэ Іыхьэм ипкъ итхІэ Прогресс посёлкэм ар щыІущІащ етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым пашэныгъэр щызыІыгъ «Биолог-Новокубанск»-м.

Джэгур удэзыхьэхыу, ди щІалэхэм я тепщэныгъэр зыхэпщІэу екІуэкІащ. Бажэ Амиррэ Дашаев Асльэнрэ хэгъэрейхэм топитІ худагъэкІри, налшыкдэсхэр 2:0-у текІуащ.

ЗэІущІэр зэрекІуэкІам теухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гуэн нэщІ нэхърэ - хадэ нэщІ.

● Дифі догъэлъапІэ

Апхуэдэщ Къэзаншыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, цІыху псэ къабзэ Къэзаншу (Аскъэт) Людмилэ Борис и пхъур ящыщщ щІыпІэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэм зиужьыным зи гущІэ куэд хуэзыгъэпс лэжьакІуэ пажэхэм, Зэфіэкі лъагэ зыбгъэдэлъ, нэмыс, хабзэ зыхэлъ, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакІуэ хьэлэмэтщ Людмилэ. ЖЭуаплныгъэ ин зыпылъ Іэнатіэр екъулІэныгъэкІэ зэрырихьэкІым къыдэкІуэу, бзылъхугъэ гуащІафІэр ди щІыналъэм щекІуэкІ социальнэ, жылагъуэ Іуэхухэми жыджэру хэтщ.

КУРЫТ школыр екъулІэныгъэкІэ кьиуха нэужь, абы и щІэныгъэм щІихигъэхъуащ КъБКъУ-м и филологие кьудамэм. ФІыуэ илъагъу Іэщ1агъэмкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь, Людмилэ 1989 гъэм лэжьэн щІыщІадащ Налшык дэт курыт школ №24-м, ныбжьыщІэхэм урысыбзэмрэ литературэмрэ яригъэджу. ИужькІэ курыт школ №20-м ирагъэблэгъащ. Егъэджэныгъэ Іэнатіэм хъарзынэу хэзэгъат Къэзаншыр, сабийхэм щІэныгъэфІ зэраритым кьыдэкІуэу, лъэпкъ гъэсэныгъэ екІуи ябгъэдилъхьэу. ГъэщІэгъуэну, купщІафІэу зэкиГъэуварт егъэджакІуэ ныбжьыщІэм дерсхэр. Сабийхэр бзэмрэ литературэмрэ дригъэхьэхьи папщІэ, Людмилэ кьиГъэсэбэпырт егъэджэныгъэ методикэм и Іэмал зэмылІэужьыгъуэхэр, творческэу лэжьыгъэм пэрыхьэу.

Илъэс зыбжанкІэ школым щылІауэ, Къэзаншым лэжьыгъэм щыпищащ «Адыгэ псалъэ» газетым. Абдежым абы зыкъызэкъуихащ зэчий дахэ зыбгъэдэлъ журналисту. Иджы «дыщ жьантІэкІэ» зэджа адыгэ газетым журналист ІэщІагъэм щыхича яп лъэбакъуэхэр уГъурлыуэ кьыхущІэкІащ Къзаншым. Корреспондент лэжьэн щІэзыдза Людмилэ кущ1ащ1ыкІыу хъуащ газетым и литературэ-художественнэ гуэдзэным и редактор. БГъэдэлъ зэфІэкІымрэ зэчийм рэ кьалъытэри, ар кьыкІэтыкІуэу аргуэру и Іэнатіэмкіэ драгъэкІуэтеящ: редакцэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и кьудамэм и унафэщІу иГъэуващ.

«Адыгэ псалъэм» и къалэнэр щыщІрихьэкІа илъэсхэм Къзаншым лэжьыгъэшхуэ зэфІигъэкІащ ди анэдэлъхьэзм и пщІэр нэхъри жылагъуэм къыщІэтыжьныжьмкІэ. Дэтхэнэ цІыхурэ и бзэмкІэ тхэфу, кьеджэфу щытыным кьыдэкІуэу, Іэмал имыІэу а бзэмкІэ гупсысэу, лъэпкъыбзэмкІэ сыт хуэдэ Іуэхурэ, зэчий ин зыбгъэдэлъ цІыхум хуэдэу къыщІэзыригъэпэщыфу, зэщыхэфу щытын зэрыхуейр нэсу кьыщыгурыІуэ Людмилэ яхэтащ анэдэлъхьэщ1ыбзэм зэрырагъащІэ Іэмалхэр егъэфІакІуэным, сабийм и бзэр дихьэхыу егъэджэным, лъэпкъым бГъэдэлъ псэкупсэ къуеляГъым ар ешэлІэным, и хабзэр, тхыдэр фІэгъэщІэгъуэну зригъэщІэным хуэшэным хуэлажьэу илъэс куэд лъандэрэ ди щІыналъэм щекІуэкІ «Си бзэ - си псэ, си дунейм» зэпеуэр зэхэзыфІыгъэхэм. Абы кьызэрилъытэмкІэ, лъэпкъым езым и щэнхабзи, гъуазджи, тхыди кьиГъэщІын дэнэ кьэна, иІэри ихьумэжьфынукъым, зыужьыныгъэшхуэ зыгъуэта нэгъуэщІ лъэпкъхэми щапхъэ ятрихьфынукъым, езым и анэдэлъхубзэм пщІэ хуимыщІыжмэ, ар хьумэнымрэ зегъэужьынымрэ емылІалІэмэ.

- Си бзэр зыыджьж, анэдэлъхубзэм и кьарумрэ и Іэфіагъымрэ псэкІэ зыхэзышІэ, си гупсысэр нэгъэсауэ абыкІэ къэзыІуэтэф цІыхум и зэхэщІыкІри нэхъ куущ, белджылыщ, и гупсысэкІэри нэхъ жанщ, зэІубзщ, и дуней тетыкІэри нэхъ дахэщ, зэпэщщ, и ГъащІэри нэхъ кьулейщ, езыри нэгъуэщІхэм елъытауэ нэхъ насыпыфІэщ, - жеІэ абы екъэлІауэ Людмилэ. - Лъэпкъ хабзэмрэ анэдэлъхубзэмрэ зи Іэпэгъу цІыхум и пащхьэм къыщІэзІуахащ лэжьыгъэми жылагъуэ гъащІэми я куэбжэкэр. Апхуэдэ цІыхур гъащІэм сыт хуэдэ лъэныкъуэкІи хуэхьэзырщ. Хуабжьу си гуапэщ «Адыгэ псалъэ» газетым къыщетхьэжьауэ щыта а Іуэху дахэм мы зэманым зэрызиужьар, и унэтІыныгъэхэри къызэщІиубыдэ Іэнатіэхэри нэхъыбэ зэрыхъуар.

Апхуэдэ лэжьыгъэфІ «Адыгэ псалъэм» щызэфІихауэ, 2001 гъэм Людмилэ Урысей къэрал телерадиокомпанием и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм ирагъэблэгъащ сабий, щІалэгъуалэ нэтынхэмкІэ, иужькІэ хъыбарыщІэхэмкІэ кьудамэхэм я пашэу. 2004-2006 гъэхэм Къзаншыр екъулІэныгъэ щиІэу щылэжьащ Урысей-псо телерадиокомпанием Москва щІэ и кьудамэм и унафэщІым и къуэдзэу. Зи адэжь щыІалъэр фІыуэ зыльагъу хэкупсэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуэжа нэужь, ВГТРК-м и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и унафэщІым и къуэдзэу яГъэуващ. ИужькІэ, 2009 гъэм кьыщыщІэдзауэ илъэси 6-м нэскІэ а Іэнатіэм и унафэщІу лэжьащ. Лэжьыгъэм и кьызэгъэпэщакІуэ Іэкіуэлъакіуэм, унафэщІ щыпкъэм, бзылъхугъэ гумызагъэм а Іэнатіэм псом ящхьэу кьыщІилъытэр телевиденэмрэ радиомрэ я нэтынхэр щІэщІигъуэ, гъэщІегъэм, купщІафІэ щІауэ, цІыхухэр нэхъри кьыдихьэхынрыщ. Апхуэдэу Людмилэ унэтІакІуэ яхуэхъащ, телевизионалитикэм хьхьагъащІэ Іэщ1агъэм ныбжьыщІэхэм, ябгъэдэлъ зэфІэкІхэр, зэчийр кьагъэлъагъэуфынымкІэ дэІэпыкъуэгъу, чэнджэщгъу яхуэхъуу.

КъБР-м и Іэтащхьэм и Унафэкіэ 2014 гъэм и щэкІуэгъуэ мазэ гъащІэр Къзаншым Людмилэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІу. УнафэщІ щыпкъэр мыбдежми щолІалІэ Іэнатіэм зэрыкъуагъэжьыным, лъэпощхьэпохэр щыкуэд ди лъэхъэнэм и эзран къыримыгъэжьыным.

ХъыбарегъащІэ Іэнатіэм Къзаншым щызэфІих лэжьыгъэшхуэм кьыпэкІуащ къэрал, жылагъуэ гупсыгъэхэр. И екъулІэныгъэфІхэр кьалъытэри, абы кьыхуагъэфэщащ КъБР-м и Правительствэм, республикэм и Іэтащхьэм, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, нэгъуэщІ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм, министерствэхэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм я щІыхь, фІыщІэ тхыльхэр, дамыгъэ льапІэхэр. Ахэр я щІыхьэтщ кьалэн кьыхуащІ дэтхэнэ Іэнатіэми ар и гуи и пси хилъхьэу, иригъэфІакІуэу зэрыпэрытым.

Людмилэ унагъуэ дахи иІэщ. Абырэ и щхьэгъусэмрэ зы кьуэрэ зыпхъуэрэ зэдапІащ, гъащІэ гъуэгу захуэ трагъэуващ. Нэхъыжьхэм я гъащІэр ягъэдахэ абыхэм къащІэхъуэ щІэблэщІэм.

Журналистикэр зи гъащІэ Іыхьэу кьэзыльытэ Къзаншы Людмилэ и гумрэ и псэмрэ дыхьэ и Іэщ1агъэм, кьызыхуэтынШэу ирихьэкІ и Іэнатіэм и хъер ильагъуну, и бынхэм, абыхэм я быныжьхэм гу ящихуэу куэдрэ псэуну ди гуапэщ.

ТАМБИЙ Линэ.

Гъэплъыгъуэ лъэхъэнэм и чэзум хуагъэхьэзырын папщІэ

● ПсэупІэ фондхэр

КъБР-м Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ псэупІэ кІэлъыплъыныгъэмкІэ и къэрал комитетым фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэ Іэнатіэхэр (ТСЖ-хэр, ЖСК-хэр) кьыщицыгъэм псэупІэр зейхэм я зэхуэдэ мылъкур кьызэрагъэсэбэп щыкІэм щыщІэныгъэхэр кьыщІигъуэтащ. УФ-м ПсэупІэмкІэ и кодексым кьызэригъэувым хуэдэу, республикэм фэтэр куэд хъу и унэ псоми, хабзэ гъэувам тету, а Іуэхур кьыщыкІэзэрагъэпэщыкъым. Абы и зэранкІэ, гъэплъыгъуэ лъэхъэнэм аХэр хуамыгъэхьэзырыфынкІэ шынагъуэ щыІэщ.

КъЫЗЭРАХУТАМКІЭ, язынныкъуэ Іэнатіэхэм (ТСЖ-хэм, ЖСК-хэм) лэжьыгъэ гуэри ирагъэкІуэкІыркъым, кьагъэсэбэп тарифхэр белджылыкъым, правленэхэм я пщэрылъхэм я пІалъэр иКІащ, псэупІэхууаКІуэ кооперативхэм хабзэм тету зрамыгъэтхыу я Іуэхущ1афэр зыхуэдэр щІауафэ, фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэным елІалІэркъым.

Щытыкіэм зрагъэхъуэжьи, псэупІэ фондыр гъэплъыгъуэ зэманым фІагъ хэлъу и чэзум хуагъэхьэзырын папщІэ, КъБР-м энергетикэмкІэ, тарифхэмрэ псэупІэ кІэлъыплъыныгъэмкІэ и къэрал комитетым и тхьэмадзм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Журавлёв Андрей муниципальнэ щІынальэхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щІыпІэ администрацхэм я Іэтащхьэхэм тхьылъкІэ захуигъэзащ унафэщІ компаниехэр кьыщІихьахыну зэпеуэхэр я нэІэ щІэту зэІухауэ ирагъэкІуэкІыну, УФ-м ПсэупІэмкІэ и кодексым и 161-нэ, 165-нэ статьяхэм кьызэрыщыгъэльэгъуам хуэдэуи, фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэнухэм хуэфащэ щытыкІэ кьыхуэзрагъэпэщыну, апхуэдэу псэупІэ фондыр бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм и чэзум хуагъэхьэзыщыну.

КъБР-м Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ псэупІэ кІэлъыплъыныгъэмкІэ и къэрал комитетым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Бохъшэ

КъэувыІэ ящІэркъым

Бадзэуэгъуэм и зэхуэдитым Путин Владимир губернаторхэм пщэрылъ ящищІащ хущхъуэхэм я уасэхэр щІыналъэхэм зэрыщызекІуэм кІэлъыплъыну. Ауэ мыдрейхэм Президентым къахуигъэувар ягъэзащІэркъым - уасэхэр кьызэтемыуВыІэу докІуей.

ЯПЭ ИЛЪЭС ныкъуэм хущхъуэхэр проценти 8-кІэ нэхъ льапІэ хъуащ. «Урысейм и тхыдэщІэм щыяпэу цІыхухэм кьыдагъахуэу хуэжьащ хущхъуэхэм трагъэкІуадэ ахъшэм, - щытыкІэр зыхуэдэр къыдгурегъаІуэ Москва кьалэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и департаментым и щІэныгъэхэкутакІэ институтым и унафэщІ Мелик-Гусейнов Давид. - Илэ ита кризисхэм - 1998, 2008 гъэхэм щыІахэм - я зэманым хущхъуэхэм я щІэупщІэм хэхъуэрт»

ЗэблэкІыгъуэ лъэхъэнэхэм цІыхухэр нэхъыбэрэ кьысфаздэж. Арщхьэкіэ цІыхухэм таблеткэхэу кьагъэсэбэпхэм проценти 4,5-кІэ кІэрыхуащ. Абы щыгъуэми, урысейхэр хущхъуэ нэхъ пудхэм хуокІуэ.

«И Іэужьыли дызэригъэжьажьым: хущхъуэ нэхъ пудхэр аптекэхэм щІэбзэхьыКІ хъуащ, - пещэ Мелик-Гусейновым. - Тумэнитху нэхърэ нэхъ пуд хущхъуэхэр кьыщІагъэкІыжьыркъым. Псэун папщІэ фІыпІэ зимыІэ хущхъуэхэр, зи уасэхэм хагъэхъуэну - хуит ямыщІэр, бззэрхэм кьыщыщІедз - абыхэм я щІыпщІэр нэхъ льапІэщ правительствэм яхуигъэлъэгъуам нэхърэ».

ЗыгъэпсэхуакІуэ кІуэн и пэкІэ Кьэрал Думэм закон кьищтащ хущхъуэхэм я уасэхэм щІагъуэхэр драгъэкІуеину аптекэхэр хуит ямыщІыным теухуащ. Арщхьэкіэ Іэщ1агъэлІхэм кьалъытэ ар сэбэп мыхъужьыну. «Хущхъуэхэр цІыхуэ псэун папщІэ фІэкІыпІэ имыІэу зыхуейщ. Бюджетым и кьалэнщ Іэнатіэм пэрытхэм ахъшэ хуиутІыпщыну. Ауэ ипэІуэкІэ кьагъэлъэгъуэн хуейщ лэжьыгъэм текІуэдар кьыщІахам нэхърэ зэрынэхъ мащІэр», - жеІэ Тарновскэм.

Псоми ящІэж «фармрынокым и пащтыхь», унэ уардэ куэд зиІэ Брынцаловыр. Ауэ кризисыр щыета илъэсрэ нЫкъуэм ямыщІыж хъащ хущхъуэхэу щэхэр - кьыщІэбгъэкІыным фейдэ пымыльу кьалъытащ. Къэралыр мы Іуэхум зыкІи хэІэбакъым.

Псом я пу уасэхэр хуабжьу дэкІуеящ нэгъабэ и щІышылэм. Абы я щхьэусыгъуэт санкцэхэр кьызэрыхуагъэуварэ гъэщІегъуэ и пщІэр зэрехуэхарэр. Ауэ зэрыгъэуа щытыкІэр хущхъуэхэр зыщІэхэмрэ аптекэхэмрэ езыхэм я фейдэ хэлъу кьагъэсэбэпащ - уасэхэр драгъэкІуеящ долларымрэ евРэмрэ я пщІэр зэрыдзуэйм емылъытауэ псынщІэ дыдэу. Абы кьыхэкІыу прокуратурэм къэпщытэныгъэхэр щригъэкІуэкІын хуей хъуащ УФ-м и щІыналъэ 44-м.

Арщхьэкіэ, жьитІэнщи, абыхэм кьаримкІуахэр кьащыфІэІуэхуакъым Узыншагъэр хъумэнымкІэ министерствэм. КъафІэІуэхуакъым губернаторхэми - ахэр и пэжыпІэкІэ зыкІэлъыплъыр ерыскъыхэкІхэм я уасэхэрщ. Кьэралым и нэІэ щІэткъым хущхъуэхэм я уасэхэр - уеблэмэ, губернаторхэм я кьалэнкъым аптекэхэм щІэзекІуэ уасэхэр зыхуэдэмкІэ ищхьэмкІэ хъыбар ирагъэщІэну.

Абы щыгъуэми, хущхъуэ зыщІэкъми аптекэхэм трагъэчыныхь: егъэхьным и пІэкІэ уасэхэр дэІэтеин хуейщ! «Арыншамэ, хущхъуэхэр щыІэжьныкъым! Хущхъуэ пудхэр дяпэкІи кьыщІагъэкІын папщІэ щыІэ хэкІыпІэр зы закъуэщ - уасэхэр я Іэнатіэм кІэлъыплъныщ, - жеІэ Аптекэхэм я ассоциацэм и унафэщІхэм ящыщ Игнатьевэ Нелли. - Илъэс зыбжанэ и пэкІэ апхуэдэу ящІамэ хущхъуэ пудэр бззэхьнутэкъым».

Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор Боробьев Павел гу лъитащ хущхъуэ кьащхун папщІэ урысейхэр кьэрал гъунэгъуэхэм кІуэ зэрыхъуам: «Украинэм е Белоруссием макІуэ е интернет-аптекэкІэ кьрагъэхь». Ди гъунэгъуэхэм я деж хущхъуэ пудэр ауэ жьжьэуи щыбзэхакъым».

Кьэрал Думэм и депутатхэм кьыхалъхьащ пщІэншэу хущхъуэ зратхэми я бжьыгъэм зрагъэубГъуну: апхуэдэхэм нЫкъуэдрыкъуэхэм нэмыщІ хуэмыщІауэ псэухэри хагъэхьэну. Мы зэманым Урысейм европей кьэралхэм я деж иужь ыВпІэхэм ящыщ зыр щиІыгъщ цІыхухэм пщІэншэу ират хущхъуэхэм я куэдагъымкІэ - ЕС-м и кьэралхэм а бжьыгъэр процент 50-70-хэм щынэсмэ, ди деж зэрыщыхъур процент 20 кьудейщ.

Кьулейсызэхэм хущхъуэхэр пщІэншэу етыным теуха закон кьащтэфынущ. Ауэ ар яхуэгъэзэщІэнукъым - мы зэманым льготэхэр зиІэхэми хущхъуэхэр бюджетым и хьэкъкІэ Іэрагъэхьэфыркъым.

АЛЕКСАНДРОВЭ Аннэ.
«Мир новостей»

● Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхьэрэ Жылагъуэ Іуэху

Касьянов Михаил мыбыи и Іуэху къыщикІыркъым

ПАРНАС оппозицэ партым и унафэщІ икІи Урысейм и премьеру щыта Касьянов Михаил Ставрополь, жыпІэнурамэ, щІыпІэ-щІыпІэу щрагъэблэгъащ. Ёзым и тельхьэхэр и гъусэу хьэщІэщым къыщыщІэкІым лЫ гуэр къыбгъэдыхьэри, абы кьыІэщІилъхьащ Вашингтон узыщэжьну авиабилетыщхуэ. ИужькІэ наІуэ къызэрыхъуамкІэ, ар «Антимайдан» зэщІэхъеенныгъэм жыджэру хэт цІыхут.

АБы щхьэкІэ кьимыгъанэу хэкІуэкІ ящІуцІэну кІуащ тхыдэтх Зубов Андрей и гъусэу - арат ар мы кьэралэм къыщІыщІыхутари. Ауэ абыи бэлыхь щыхэкІакъым - ихъуинкІ зыщІыхуэхъуэрыщ. Ауэ абыи бэлыхь щыхэкІакъым - ихъуинкІ зыщІыхуэхъуэрыщ. Зыр, уеблэмэ хэтащ Касьяновым кьыхэуну.

ИужькІэ, сытми, гурбиянэкэ Іукіыжа, иужь, политикыр хэхакІуэхэм яІущІащ.

ИтІанэ МВД-м зыхуигъэзащ къэхъуам теухуа уголовнэ Іуэху кьалэтыну елъэІуу. Полицэм зэрыщыжьІамкІэ, политикым езым, и щхьэхъумэхэм, и тельхьэхэм кьахуэгъэзауэ щІэпхъаджагъэу пЛы ялэжьауэ кьиГъэлъэгъащ: къэрал лэжьакІуэм къыщІэтеуар, хэхьныгъэхэм хэты-ным зэран кьыЗэрыхуэхьур, гурбиянныгъэрэ экстремизмэрэ кьыщІэрыкІэлъыЗэрахьар.

Фигу кьэдгъэкІыжынщи, мазаем щІалэ гупым Москва и ресторанхэм ящыщ зым Касьяновым торт кьыщІрауТІыпщащ, апхуэдэ Іэфіыкіэ дыдэ абы Новгород Ищхьэри кьыщІетхуащ. ИужькІэ абы хьэщІэщым и гардеробым уэздыгьэнщэу сыхьэтихкІэ зыщигъэпщкІун хуей хъуащ. Пэщ1, Владимир кьырауТІыпщар джэдыкІэщ.

Ауэ политикым теуХуа нэхъ кьауГъэшхуэр кьэзыГъэхъеяуэ кьыщІэкІынур Кадыров Рамзан и Инстаграмэм иратхарщ. Абы Касьяновыр кьыщыгъэлъэгъуащ снайпер фоч трагъэпсауэ.

ДРОБОТОВ Алексей.
«Комсомольская правда»

● Австралие

Харбор-Бридж Австралием хыхьэ Синдей къалэм и нэхъ лъэмыжьышхуэ дыдэщ. Ар дунейм и ухуэныгъэ тельыджэхэм хабжэ. Льэмыжьм и проектыр ящІауэ щытащ Керенский Александр и къуэ Керенский Олег (1905-1984) и унафэм щІэту. Абы метр 1149-рэ и кІыхьагъщ, метр 49-рэ и бГъуагъщ, тонн мин 52 800-рэ и хьалэгъщ. Лъэмыж тельыджэм еплъыну цІыху куэд макІуэ.

ПІлАнэпэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Еджапіэ

Дэ щІыдодзэж!

Бжьыгъэхэм я бзэкІэ

♦**ЩІэныгъэхэм я махуэм школ мин 43-м я бжэхэр зэІуахынущ**

♦**ЕджакІуэ мелуан 14 фокІадзэм и 1-м школхэм екІуэлІэнщ.**

♦**Сабий мелуан 1,6-р ялэ классым щІэтІысхьэнущ.**

♦**Педагог мелуан 1,3-рэ еджакІуэхэм ядэлэжьэнущ.**

♦**ЕгъэджакІуэхэм я курыт улахуэр сом мин 35-рэ мэхъу.**

Школхэр яхуэрикъуркъым

1990 гъэхэм дызэрыта щытыкІэр псоми дощІэж: сабий кьалъхуэхэм я бжьгъэм кІэрыхурти, школакІуэхэмрэ студентхэри нэхъ мащІэ хъурт. Иджы Іуэхуэхэр ефІэкІуэжащ: 2025 гъэр кьэсыху еджакІуэхэм мелуани 3,5-рэ кьахэхъуэну хуагъэфащэ.

Арщхьэкіэ иджьпсэуи партэхэр кьомэщІэкІ. Школхэм я процент 25-м нэблагъэ сменитІу мэлажьэ. Кавказ Ищхьэрэм школ 30-м щІиГъуэ сменищу щрагъаджэ - сабийхэр унэм щекІуэлІэжьыр пщыхьэщхьэм сыхьэти 8 нэужьырщ.

ІэщІагъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, щІэныгъэфІ егъэгъэтын папщІэ сабийхэр зы сменэу егъэджэн хуейщ, абы щыГъуэми, зы классым щІэсхэр 25-м щІигъу хъунукъым.

Ижь зэманым илъэс кьэс школи 100-м нэблагъэ яхуэу, ауэ яхурикъуркъым. УФ-м и Правительствэм кьищта программэм ипкъ иткІэ 2018 гъэм ещанэ сменэ щыІэжьнукъым, 2021 гъэм пэщІэдзэ классхэм екІуалІэхэри, школыр кьэзыухэри япэ сменэу фІэкІа ирагъэджэнкъым, 2025 гъэм етІуанэ сменэри кІуэдыжьынущ.

Хуауху унэщІэхэм я тынныгъуэхэр зыхащІэнущ щІалэ, хъыджэбз цІыкІухэу мин зыбжанэм. Псалъэм и хьэтыркІэ, Москва и ипщэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ школ №209-м щеджэнухэм я класс пэшхэр, шхапІэр, кІэлындорыр Іэхуитльэхуитщ.

- Нэхъапэм сменитІу дылажьэрти, кьыдахьэлъэкІырт, - жеІэ еджапІэм и унафэщІ Егоровэ Любовь. - Ныбжьыщ1э 550-рэ зэкІуалІэ школ зэрытхуащІам Іэмал кьыдет ди еджакІуэхэм нэхъ щІэныгъэ едгъэгъуэтыну.

Зыщагъасэ пэшри хэту

ФокІадзэм и 1-м еджакІуэ минищэхэм телъыджжэ ящыхъунущ езыхэм я школым спортым зыщІыхуагъасэ и пэшыр хуабжьу зэрефІэкІуар.

Тренерхэмрэ спортсменхэмрэ яІущІа иужь, Президентым пщэрылъ ящищІа хэр зэрагъэзащІэм дакІэпольпІ, - кьыджжІащ Урысейпсо льэпкъ фронтым (ОНФ) Мурманск областым и щІэ кьудамэм и унафэщІ Круглова Ларисэ - Путин Владимир унафэ яхуищІащ а пэшхэм щІагъэувэну иджырей Іэмэпсымэхэр кьызэращэхуну ахъшэ иратыну. Щагъэзэщ1эн хуей пІалъэр мы гъэм йокІ.

Владимир областым кьышащІыпщащ къэрал программэм хагъэхьа кьуажэ школхэр. Ялъэгъуащ пэшхэр кьызэрагъэщІэрэщІэжар, ауэ Іэмэпсымэхэр кьызэрамыщэхуар. Карелием ухуакІуэхэр цегъуГъакъым школ зыбжанэм я апхуэдэ пэшхэр ирагъэфІэкІуэным. ЩІэрыщІэу Іуэхум пэрыхьэжьын хуей хъуащ.

Хэт къэзыщэхуар?

Кьэралым и школхэм я Іыхьэ щанэм зэреджэну тхыльхэр сабийхэм пщІэншэу щратыфыркъым.

Унагъуэм ику иту сом мини 3,5-рэ трегъэкІуадэ я биныр зэрырагъэджэну тхыльхэр кьэщхэуным. Куэдым я джежІэ ахъшэшхуэщ. Фащэм, портфелым, зэрытхэну Іэмэпсымэхэм я гугъу умыщІыхэ. ЩІыналъэ 45-м щыщу адэ-анэ 800-м еупщІати, белджылы хъуащ куэдым илъэс кьэс тхыльи 5-10, язынныкъуэхэм деж нэхъыбэж кьызэращэхур.

Мыгъуагъэр кьыщежьэр мы Іуэхум зэхуэдэу зэрыбГъэдэмыкъэрщ. Ялэр щІыналъэхэм ЕГъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ я министерствэхэм зэфІагъэкІ. Апхуэдэу «ЕГъэджэныгъэм трагъэкІуэдэн папщІэ» статьямкІэ субвенцэхэу къокІуэ. Тхыльыр сом щищи, сом мини и уасэнкІэ хъунущ.

АЛЕКСЕЕВ Николай.
«Комсомольская правда»

● США

Хэт иджы и нэфІ зыщыхуар?

Вашингтон Анкара дзыхь хуищІыжьыркъым

Хъыбар телъыджэ къэІуащ: США-м ядернэ Іэщэ курытхэр Туркум щыІэ «Инджирлик» авиабазэм иришурэ егъэІэпхъуэ. Ядернэ бомбэ 30-м кьыщыщІэдзауэ 90-м нэсым ящыщ 20-р Румыниемрэ яшащ Сыт абы къикІыр? Іуэхур зыІутыр къыдгурегъаІуэну дэ делъэІуащ Геополитикэ къалэнхэмкІэ академием и президент, генерал-полковник Ивашов Леонид.

- АБы КЪОКІ американкэм узыщыгугъ хъуну Вашингтон афІэкІа къамылъытэжу. Ахэр хущІэкъуащ а къэралым властыр щытрадзыныр кьызэрагъэпэщыну икІи тетыгъуэр Вашингтон и жьІэм щІэт хунтэм щыІэщІалъхьэну. Ар абыхэм къайхъулІакІ. Іэнатіэ зэмылІэужьыгъэхэм, минист-ерствэхэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм я щІыхь, фІыщІэ тхыльхэр, дамыгъэ льапІэхэр. Ахэр я щІыхьэтщ кьалэн кьыхуащІ дэтхэнэ Іэнатіэми ар и гуи и пси хилъхьэу, иригъэфІакІуэу зэрыпэрытым.

Людмилэ унагъуэ дахи иІэщ. Абырэ и щхьэгъусэмрэ зы кьуэрэ зыпхъуэрэ зэдапІащ, гъащІэ гъуэгу захуэ трагъэуващ. Нэхъыжьхэм я гъащІэр ягъэдахэ абыхэм къащІэхъуэ щІэблэщІэм.

Журналистикэр зи гъащІэ Іыхьэу кьэзыльытэ Къзаншы Людмилэ и гумрэ и псэмрэ дыхьэ и Іэщ1агъэм, кьызыхуэтынШэу ирихьэкІ и Іэнатіэм и хъер ильагъуну, и бынхэм, абыхэм я быныжьхэм гу ящихуэу куэдрэ псэуну ди гуапэщ.

ТАМБИЙ Линэ.

Зыщагъасэ пэшри хэту

ФокІадзэм и 1-м еджакІуэ минищэхэм телъыджжэ ящыхъунущ езыхэм я школым спортым зыщІыхуагъасэ и пэшыр хуабжьу зэрефІэкІуар.

Тренерхэмрэ спортсменхэмрэ яІущІа иужь, Президентым пщэрылъ ящищІа хэр зэрагъэзащІэм дакІэпольпІ, - кьыджжІащ Урысейпсо льэпкъ фронтым (ОНФ) Мурманск областым и щІэ кьудамэм и унафэщІ Круглова Ларисэ - Путин Владимир унафэ яхуищІащ а пэшхэм щІагъэувэну иджырей Іэмэпсымэхэр кьызэращэхуну ахъшэ иратыну. Щагъэзэщ1эн хуей пІалъэр мы гъэм йокІ.

Владимир областым кьышащІыпщащ къэрал программэм хагъэхьа кьуажэ школхэр. Ялъэгъуащ пэшхэр кьызэрагъэщІэрэщІэжар, ауэ Іэмэпсымэхэр кьызэрамыщэхуар. Карелием ухуакІуэхэр цегъуГъакъым школ зыбжанэм я апхуэдэ пэшхэр ирагъэфІэкІуэным. ЩІэрыщІэу Іуэхум пэрыхьэжьын хуей хъуащ.

Ауэ политикым теуХуа нэхъ кьауГъэшхуэр кьэзыГъэхъеяуэ кьыщІэкІынур Кадыров Рамзан и Инстаграмэм иратхарщ. Абы Касьяновыр кьыщыгъэлъэгъуащ снайпер фоч трагъэпсауэ.

ДРОБОТОВ Алексей.
«Комсомольская правда»

ИУАЗ ФатIимэ:

Дэ десащ Арщыданымкlэ дыгушхуэу

Республикэм и махуэм ирихьлIэу зыхуэдгъэзащ Арщыдан къуажэм и администрацэм и унафэщI Иуан ФатIимэ Кушбий и пхьум.

2006 гъэ лъандэрэ ФатIимэ пэрытщ мы IэнатIэм. Абы и пэкIэ ар егъэджакIуэу, сабий садым и унафэщIу Арщыдан щылажьащ. ФатIимэ къыхуагъэфэщащ «Урысей Федерацэм егъэджэныгъэмкIэ щыIх зиIэ и лэжьакIуэ» бгъэхэIу дамыгъэр.

- ФАТIИМЭ, Федерацэмкlэ Советым и УнафэщI Матвиенкэ Валентинэ мы гъатхэм иригъэкIуэкIат «Урысейм и къуажэхэм зэпIэзэрыту зегъэужьын» зыфIаща зэIущIэ. Абы иратыжьащ политикэм, бизнесым ехъулIэныгъэ щызиIэ, жылагъуэ зегучьэныгъэм и унафэщI къалэныр тэмэму зыгъэзащIэ бзылъхугъэхэр. Абыхэм уахэтыну пхуэфащэу къалытэри, ди республикэм и лIыкIуэу ущыIащ. ГъэщIэгъэну, уи лэжьыгъэмкIэ къыщыхьэпха Москва сыт щызэхэпха?

- ЦIыхухэм уахьихьэху зыгуэр къыхьибох,- жаIэу щыта ди нэхъыжьхэм. Псом ящIу къыхэзгъэщыну сыхуейт Матвиенкэ Валентинэ зэIущIэмкIэ зыхуагъэувыж къалэныр зэриубзыхуар: зэфIэкI зиIэ бзылъхугъэхэм нэхъри зегъэузэщIын, ядэIэпыкъун, къэралым, зыщыщ къалэхэмрэ къуажэхэмрэ заужьыным кьахэущъхьэпэфын хуэдэу. «Мыпхуэдэ зэIущIэхэм Iэмал къыдат ди бзылъхугъэхэм я гурыгъуращIэхэр къэтщIыну, ахэр зэдгъэзэнджащIыну, зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр къэдгъэзэIуэну», - жиIащ ФедерацэмкIэ Советым и Унафэщ1ым.

Ди цIыхубзхэм IэнатIэ куэд яIыгъ хъуащ. Псалъэм папщIэ, Урысей Федерацэм мэкъумэщ Iэхэущ1ап1эу итым и дэтхэнэ ещанэми и унафэщIыр цIыхубзащ, муниципальнэ кIуплъыкIуэм я процент 30-р яIыгъщ, щэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, цIыхухэм хуэIухэущIэ яхуэзфIэхыным епхауэ лажьэхэм я нэхъыбэрэ ахэращ.

Матвиенкэ зэрыжиIамкIэ, дэ дызрагъэблагъа зэIущIэр «Евразийскай женскай форум» фIащауэ Федерацэмкlэ Советым и жэрдэмкIэ нэгъабэ Москва щрагъэкIуэкIам епхащ. «А зэхьыхьэм кьигъэльэгъащ ди къэралым и пщIэмрэ и зэфIэкIымрэ дуней псом щызыхащIэныжьмкIэ цIыхубзхэм куэд зэрахъэфIэкIыныр» - кьыхигъэщащ Матвиенкэ.

«Евразийскай женский форум» зэхьыхьэр иджы 2018 гъэращ щыщIэнур. Абы къыщаIэтыну Iуэхугъуэхэр гъэбелджьила, езы зэIущIэри тэмэму егъэкIуэкIа хъунымкIэ щ1ыхуб зэхуаушсахэр, дызэчэнджэщыну, жылагъуэр, къапщтэмэ, бзылъхугъэхэр, зыгъэпIейтей ныкъуасаныгъэхэр дгъэбелджьилыну къызэрыщIыгугъыр жиIащ Матвиенкэ Валентинэ.

Си щхьэкIэ мыхьэнэшхуэ иIэну къызэпольтэ щIыналъэ, муниципальнэ бюджетхэр къызэрымыкIуэу зэрыщIыхьэщыкIам, цIыхухэм я щIыпIкIэ псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ ар зэранышхуэ зэрыхъум теухуауэ Матвиенкэ гу зылъыдигъэтам. Абы жиIащ Федерацэмкlэ Советым мы Iуэхум теухуауэ щIапхъэр игъэбелджьилыуэ зэIущIэ триухуэну.

Къуажэдэс цIыхубзхэм я Международнодгъ махуэм, жэпуэгъуэм и 15-м, екъулIэу зэхуэсауэ, мы дызыхэта зэIущIэм къыщIэта Iуэхухэм щыщу гъэззэщIа хъуамрэ-мыхьэмрэ зэхэгъэкIын хуейуэ кьилъытащ Матвиенкэ.

КIэщIу жыпIэмэ, къуажадэс цIыхубзыр лэжьыгъэм, узыншагъэм, псэукIэм, нэгъуэщIхэм епхауэ зыпэщIэт гугъуехьхэр щагъэпсынщIну мурад зэраIэр узыщыгуфIыкIынщ, цIыхубзым и Iуэхур efIакIуэмэ, унагъуэми абы зыдиуэзщIынущи.

Абы тещIыхьауэ жыпIэмэ, куэдкIэ уэзыщыгъуэныгъэ Урысей Федерацэм Мэкъумэшымкlэ и министерствэм къызэрыщызэрагъэпэщар къуажэ администрацэхэм я унафэщIхэм ящыщхэр зыхэт комитет. Матвиенкэ Валентинэ и унафэщ ар. А комитетым сэри сыхэтщI, ди республикэми ди къуажэми зыгъэркIэ сэбэп сахуэхъуфынэ пIэрэ, жысIэу согугъэ.

- Иджы, ФатIимэ, нобэрей Арщыданым пыухыкIауэ и гугъу уэзгъэщIынут.

- Арщыданыр КъБР-м и къуажэ нэхъ инхэм ящыщщ. Къапщтэмэ, Лэскэн районым щIыкIи цIыху бжьыгъкIи аращ щынэхъ иныр. Ди къуажэм гектар 7576-рэ иIыгъщ. Абы цIыху 8449-рэ дэсщи, а бжьыгъэм и процент 49,1-р - цIыхухъущ (4151), цIыхубзхэр 4298-рэ (процент 50,9-рэ) мэхъу. КъалъхуагъащIэхэм я дежь къыщыщIэдзауэ илъэс 15 ныбжьыщ зэрыIэу ди1эщ сабий, ныбжьыщIэ 2115-рэ (процент 25,4-рэ); цIыхур щыIэжьэф ныбжьым иту - 5310-рэ (процент 62,8-рэ); мылэжьбэ хэхъыжьу - 1238-рэ (процент 17,7-рэ).

Арщыдан мэкъумэш щIапIэу гектар 5641-рэ, мэкъумIэрэ зыуIпIэу - гектар 308-рэ, жыг хадэхэм яубыд гектар 235-рэ.

Мэкъумэш Iэхъущ1ап1эу 3 ди1эщ: «Бекар», Лениным и цIэр зезыхьэ СХП, «Дэбагъуэ» ООО-р. Бдзжэндырылажьэхэр 142-рэ мэхъу, бдзжэнду кьащтар кьыIахауэ мэлажьэ цIыхуэи 160-рэ, уней хадэ, Iэщ, джэдкъаз зиIэхэр 1966-рэ мэхъу.

Ди къуажэм дэтщ «Анзорей» ООО гъавэ Iыхьпlэр, «Ермак» консерв заводыр. Ижьырейм цIыху 65-рэ хуэдиз щолажьэ. ДиIэщ Iэхъущ1ап1э цIыкIу 38-рэ, тыкуэн, шхапIэ, щхьэщIэщапIэ жыпIэми. Абыхэм я фIыщIэкIэ цIыхуи 130-м лэжьапIэ IэнатIэ яIэщ. Лэжьапlэ ямыгъэуту цIыху 204-м зрагъэхащ.

- Иужьрейхэм сыткIэ фадэIэпыкъуфрэ?

- Я пщIантIэ дэсыжу, я лъапсэ исыжу хъарычэт Iэхъу цIыкIу зезыхъуну хуейхэм кредит кьызэрыIахьфыну щыкIэр яжьдоIэ, жылагъуэ Iэхъу зыщIэфынуэр зэгурыIуэныгъэм тету догъэлажьэ.

Псоми ящIэ КъБР-м Мэкъумэш Iэхъуэхмкlэ и министерствэм и грант, субсидие жьхуаIэр кьыпIпльсын щхьэкIэ проект бгъэхьэзыру зэпеуэм хуэхъун зэрыхуейр. Псалъэм папщIэ, «Фермерыр гу лэжьэн щIэзыдэзэ» программэмкIэ 2015 гъэм КФХ 11-м грант къратащ, «Унагъуэ фермэ» программэмкIэ - зым. «Мэшыкъуэ-2014» щIалэгъуалэ зэхьыхьэм щыIа ди хьэрычэтыщIэ ныбжьыщIэхэм сом мин 300 дэтхэнэми хуэзэу къратащ. Iэщ гъэзэжьыным, жыг хадэ, мэкъумэш щIэным теухуа проектхэм я нэхъыфIэхэр кьыхахьиу Лэскэн районым зэпеуэ щекIуэкIати, абы хэтащ ди щIалэгъуалэ хъарычэтыщIэу 14. Тlум ейр тэмэму зэгупсыса Iэхъуэ кьалъытэри, ахъшэ къратащ, я лжьыгъэр ираубэну.

«2014 гъэ тIщIондэ къуажэм зэрызыужьынур», «Псэупlэ» федеральнэ программэхэм хиубыдэу, 2011 гъэ лъандэрэ унагъуэ 31-м къэралыр кьадэIэпыкъуащ, ауэ иджыри унагъуи 183-рэ ди1эщ къэралым щыгугъыу. Къуажэм щIапIэу 30 щыдгъашащ, ахэр зыпльсар льготэ зиIэхэрщ, нэхъыбэу зи гугъу сщIыр бынищ е нэхъыбэ зыпIэхэрщ.

- ФатIимэ, къуажэр зэIуэпэщ пхуэщIынукъым ахъшэ уимыIэу. Сыт фи хэхъуэр нэхъыбэу къызыхъкIыр?

- Нэгъабэ Арщыдан иIэн хуейт бюджетыр сом мин 28010,1 хъуэу дгъэбелджьилат. Абы щыщу къытхуэлажьар сом мин 26821,2-рэщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, бюджетыр процент 95,8-кIэ гъэзэщIа хъуауэ аращ. Абы хэтщ налог лIэужьыгъуэу къыхэтх псори, щIым и бдзжэндыпщIэу къыхэкIри.

- Къуажэр инщ, Iэхъуэ куэдщ. Сыт хуэдэ хэкIыпIэ щыIэ бюджетым къызхэхъуэным теухуауэ? Сэ, псалъэм папщIэ, си жагъуэ мэхъу къуажэ уэрамхэр зэрыкIыфIыр, псымкIэ гукъеуэ зэраIэр. Пэжщ, зы къуажи бгъуэтыныкъым а гукъеуэ быдэр дэмыIу. ХэкIыпIэ гуэр щыIэу плъагъурэ?

- Сэ зы къуажэм и хэхъуэщIыкIэ сыт и мелуанэр мин 646,5-рэ тедгъэкIыщащ псэупIэ-коммунальнэ Iэнатlэм. ПхъэнкIий идзыпIэ ящ щыпIэхэр дгъэхъэбзэжащ, къуажэр зэIуэпэщ зыщIын Iэхъуэхэр зэфIэтхащ абыкIэ. 2011 гъэ лъандэрэ машинэ дыхьэхэрэ кIэрхьуфжьэрыхуэр кьыхеш. Къуажэр кьабзэнэ дэтхэнэми и Iуэхуу кьыдолытэ, аращи, а лэжьыгъэм балигъэ ныбжьыщIи щыдошалIэ, нэгъуэщIу дыпэлъащIыкуэми.

Псоми теухуауэ жыпIэмэ, псы кьыщIэщIыпIэ 12 ди къуажэм дэтщ, уеблэмэ апхуэдизи зиIэ ди республикэм щымащIэщ. Куэд щIакьым зы псы кьыщIэщIыпIэ абыхэм кьаззэрыхьэрэ, псы зэрыкIуэ бжьамийуэ иджыри метр 500 зэрыдукъуэдийрэ. Абы Iуэхур тIэкIу иригъэфIэкIуащ, ауэ лэжьыгъэшхуэ кьыпIэщIыпIщ жьы хъуэ бжьамийхэр зэхъуэжьыным теухуауэ. Къуажапщэм рэ къуажэкIэмрэ я льагагъкIэ метр 37-кIэ зэщхьэщокI. Абы кьыхэкIыу псымкIэ гугъу йохь къуажапщэм щыпсэухэр (къуажапщэм щхьэкIэ псы кьыщIэщIыпIэ тщIыну, мы гъэм кьриубыдэу абы и проектыр программэм хёдгъэуБыдэну ди мурадщ).

Дэ ди къарум кьихьарати, Тэрчокъуэмрэ Къалмыкъыкъмрэ я уэрамхэм бжьамий метр 1300-рэ щызэтхъуэжIащ, псы кьыдэжьипIэ 90 зэпагъэвэжащ.

Уэздыгъэм теухуауэ. Лениным и уэрам километри 9-р маблэ, зыхуей хуэдгъэзауэ. А лэжьыгъэ дыдэр мы гъэм щыдухьнущ Бжьэдыгъуэм и уэрамми. Нэхъыщхьэращи, абы текIуэдэнур диIэщ.

ЗэрыхъукIэ долажь гъуэгухэми. Лениным и уэрамым и гуэгур зыхуей хуэдгъэзащ федеральнэ программэм дызэрыхьысэфам и фIыгъэкIэ. Бжьэдыгъум и уэрамым ясфальт тредгъэлъхьащ, абы и Iыхьэщ1э Арщыдан Ипщэм уэзрыдыкьэр едгъэщIащ, Тэрчокъуэм и уэрамым кумбIъмбэхэр щыдогъэсей. Пушкиныр Чапаевымрэ я уэрамхэм мывэ кIэщхъ теткIутащ. А лэжьыгъэр щедгъэкIуэкIынущ Коопературив, Кавказэсэ, Iэрэмысэм я уэрамхэм.

- Къуажэм дэс сабийхэм щIалэгъуалэмрэ яхуэфащIэфым и гугъу уэзгъэщIынут.

- Арщыдан курыт еджапIэу щы дэтщ, зым школ кIуэгъуэ нэмысасхэм щадэлажьэ Iуэхугъуэ1ап1э хэту. ДиIэщ программазие, сабийхэм я зэфIэкIым зыщрагъэуэжь Инэ. Сабийуэ 160-рэ зыщIэхуэн гъэсапIэ едгъэщIыну абы и проектымрэ текIуэдэнымрэ я дэфтэрхэр дгъэхьэзырауэ диIэщ.

Спортым и гугъу пщIымэ, футболым, волейболым, шахматым, баскетболым дихьэххэм тренерхэр ядолажьэ. Дэ диIэщ «Бедик» стадионыр, футбол цIыкIу джэгупIэ, спортым хуэхха пэшхэр.

Ди къуажэ администрацэм щIалэгъуалэ Iэхъуэхмкlэ комитет кьыззэрыгъэпэщащ, икIи Iэщ1ап1эрэ щIалэгъуалэм ядэлэжьэныр и къалэну.

Къуажэжьум хуэзэу амбулаторэ диIэщ. Абы кьынэмыщIауэ, фельдшер-акушер Iэхъущ1ап1эхэр къуажэжьым щыIэщ.

Псым, уэздыгъэм кьыдэкIуэ, нэхъ лэжьыгъэщхьэу кьыттэщыпльхэм ящыщщ Щэнхабзэмкlэ унэр зыхуей хуэдгъэзащIэр. Илъэс 50 хъуащ ар зэраухуэрэ, абы лъандэрэ кьанэ щымыIэу зэи елэжьакъым.

- ФатIимэ, къуажэр ин хъуащи, цIыхуэр зэхъуэпшэсыри, Iэхъу гуэрым зэгъусэу унафэ требгъэщIынкъыри гугъу кьыщIэкIынущ. Къуажэ администрацэм хэт фи дэIэпыкъуэгъу?

- Бзылъхугъэхэм, лжьыгъэм и ветеранхэм я советхэм кьинэмыщIауэ, 2011 гъэ лъандэрэ жылагъуэ совет ди1эщ, пщIэрэ щхьэрэ зиIэ нэхъыжьхэр хэту. Абы и унафэщIыр Къущхьэ Аслъэнджэрий.

Къыхэзгъэщынут: ди къуажэм пщIэрэ щхьэрэ иIэу къоГъэгурыкIуэ. Ар зи фIыщIэр лIэщIыгъуэ-лIэщIыгъэхэрэ ди жьлэжьым щыпсэуэ нэхъыжьхэрщ. Дэ десащ Арщыданымкlэ дыгушхуэри, сыхуейт абы зыри хэмыщIыну. Кьапщтэмэ, ди къуажэм дэсхэр псоуакIуэщ, ди жьлэм нэхъ кьабзэ районым щыбгъэутыныкъым. Федеральнэ гъэзэгум щыщу ди къуажэм кьиубыдыр кьабзэу зэрызетхъэм папщIэ кьыттщытхъащ КъБР-м и Iэтащхьэр.

Дэ дызэрыIэхуэтхьэбзащIэр тщыгъупщэркъым, икIи тхуэзэфIэкI тщIэнущ къуажэр зэIуэпэщэ хъуным теухуауэ.

Епсэлъар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

Щэнхабзэмкlэ унэр.

Етlуанэ курыт еджапIэр.

Тхьыдэшхуэ зиIэ жьлэщ Арщыданыр. Ар апхуэдизкIэ бейщи, тхьылъ кьудейуэ мыгъэ, щIэнгъуазэ пэлъытэ щыIэн хуейт, къуажэр зыухуахэм, щIыпIэцIэхэм, нэгъуэщI куэдми тегущыI.

Апхуэдэ лэжьыгъэшхуэ кьыпIхуэзыщIэфынури абы пэлъэщынури а къуажэм зигугъэ зи псэрэ дзыращ. Сэ Арщыдан сыщыщщи, мылухуэдэу жысIэми къезэгъынущ: насып диIэти, Джэдгъэф Борис и гупсысэр а Iуэхум теухуа хъуат. ЕгъэджакIуэ, парт лэжьакIуэу, «Нур» журналым и редактор нэхъыщхьэу, тхакIуэу, усакIуэу, лъэпкъ интеллигенцэм и пщIэр зэрИэтын щIэныгъэрэ дуней тетыкIэрэ иIэу къэгъэугурыкIуэ Борис, дауэ ищIами, Арщыданым щIэнгъуазэ хуитхащ. Ар я фэеплъщ а жьлэжьыр зыухуахэм. Ар щIалэгъуалэм яхуищIа тыгъэщ, щIэныгъэ зыхьзыхьахынщ. Сыхуитамэ, «Аргудан» тхылъым теухуа дерс зэIуахэкIэ мы къуажэм и курыт еджапIащи гъэ кьэс щегъэкIуэкIынт щIэблэм ящIэн щхьэкIэ хабзэ, нэмыс, лэжьыгъэ зыдэлъа жьлэм зэрыщыщыр, а псор яхьумэнымкIэ езыхэми я пщэм къалэн гуэр кьызэрыдэхуэр зыхащIэн папщIэ.

Борис и тхылъым щыщ тхыгъэм фыщыдогъэгъуазэ.

Хъыбарыжьхэм я лъагъуэ

Арщыдан къуажэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ тхыдэжь зиIэхэм хеубыдэ. Абы и щыхьэтыр езы жьлэм зэрреджэри, мыбы щыIэ щIыпIэщIэхэри, Iуэрыуатэм кьыхэна хъыбарыжьхэри.

Сыт жаIэрэ хъыбархэм мы цIэм теухуауэ?

КЪУАЖЭМ удэту Кавказ къуршыжьхэм ящыкъэплъэкIэ, уи нэм кьыIуедэз Гуартэ и плъапIэ мэз Iуащхьэр. Гуартэ Iуащхьэцlэр цIыхубз гуэрым епхауэ илъэс плIыщI и пэкIэ хъыбару кьызжьи1эжьгъащ лIыжь дыдэ хъуа Хъэждэгу Даниил. Адыгэ Iуэрыуатэм куэд лъандэрэ елэжьа Къардэнгъущ! Зырамыку жиIэу щытащ Псыгэнсу лIыжьхэм я деж мыпхуэдэ хъыбар дыдэ щызэхихауэ.

Iуащхьэ лъагэр Гуартэ и зыплIыхьыпIэт, и лIыр кьыщыкъэхьыжьну лъэныкъуэр мыбы тету кьилъытхъэрт. Псыгэнсымрэ Арщыданымрэ я щIыр зэпыпльщ. Гуартэ Iуащхьэ лъабжьэ БагъэдзыкъуэкIэ йоджэ. Мыбыхэм Псыгэнсуущ1ри кьаубыдащ. Хъыбар гуэрри щIэщ1ащ Арщыдан теухуауэ. Абы зэрыжиIамкIэ, Елбэздыкъуэ лъэпкъым яIащ хъыджэбз гуэр Арщыданкlэ еджэжу. Хъыджэбзым, псыщхьэмкIэ дэкIуейри, псы кьигъуэтащ. Абы и цIэр - Арщыданыр псым фIащри, аращ кьызытекIыжар Арщыданыр.

Пщыжь тIысыпIэ

КУЭД щIАУЭ къоГъэгурыкIуэ «Арщыданыжьыр пщыжь тIысыпIэщ» псалъэжьыр. Ар ауэ сытми жаIа-къым. Мыбы Къэбэрдейм и пщы пашэхэр дэсащ. Тхыдэм щыпIэщ1ащ Арщыдан хъэблэ-хъэблэу зэрызэхьыхьа щыкIэр, хъэблэхэр нэхъ зэгъэщIилIауэ щыта пщы, уэрэкъ унэцIэхэр.

Псалъэм щхьэкIэ, нобэ псэу нэхъыжьыIуэхэм яхэтщ пщы щIэрыIуэ Къетыкъуэ Аслъэнбэч теуха хъыбархэр зыщIэж зэгуэр я нэхъыжьхэм жаIэжу зэхахауэ. Илъэс плIыщIым щIигъуащ апхуэдэ хъыбар Бахъэсэнкъуэ (Хьэуд) Асхьэд, Хьэжьдэгу Даниил сымэ я деж зэрыщIттхьжрэ. Хъыбарыр гъэкIащIауэ урысыбзэкIэ ихуащ 1967 гъэм республикэм япэ дыдэу кьыщыщIэкIа къуажэ тхыдэм - «Арщыдан» жьыхуIэм. Апхуэдэ тхыгъэ щыщщIэкIэ, абы лейуэ дытепсэлъыжьыжьынкъым, ауэ Къетыкъуэ Аслъэнбэч и зэманым Арщыдан къуажапщэм дэт Мэртазэ и тIыгъэ Iуащхьэ лъапэм Мэртазэхэ зэрыщыпсэуари наIуэ кьохьу. Къэбэрдейм и пщышхэуэ щыта Къетыкъуэ Аслъэнбэч ШкIэщыщхьэкъэкIэ зэджэ мэз Iуащхьэм тесауэ хъыбар щыIэщ. Къетыкъуэ Аслъэнбэчу адыгэ тхыдэм тIу ещIэ. Зэ гугъу тщIыр пщы Темрыкъуэ и ныкъэкъуэгъуу кьэтэджа Къетыкъуэ лIакъуэм я Аслъэнбэч нэхъыжьырщ. Мыр дунейм щехыжар 1589 гъэрщ. Аращ Мэртазэ езэуар, ахэр Арщыдан щыпIэм изыхуу Тэрч зэпрыщыхуар. Апхуэдэу щыщIкIэ, 1589 гъэм и пэжкIэщ Мэртазэхэ Арщыдан щыпIэм щисар. Абы и ужькIэ Мэртазэхэ пщы Темрыкъуэ егъэщIыпIа лъапсэхэу Къэбэрдей Цыкlукlэ дызэджэм щыдолъагъу икIи а зэманым и ужькIэ абыхэм Арщыданкlэ къагъэзэжакъым.

Арщыданыщым и ищхъэрэ лъэныкъуэм Думэныкъуэкlэ йоджэ. Мыращ зэдэщIэр Псынащхьибл щыпIэр. Къуажэ лIыжьхэм илъэс зыкъом и пэкIэ жаIэжу зэхэсащ мыбы Думэнэх исауэ, ахэр Бахъсэн Iэпхъуэжауэ. 1744 гъэм ящIа картэм Дюмен къуажэ бахъсэнымпс Iуфэ кьыщыгъэльэгъуащ, Кургуокъуэ Мухьэмэд Iэщ1эльу. Хъыбар тщIэмрэ мы тхыгъэмрэ зэтхьэлIэмэ, быдэу жьыпIэ хъунущ 1744 гъэм и ужькIэ Думэнэхэр Арщыданкlэ хэмэкIуащэ. Апхуэдэу щыщIэткIэ, ахэр Думэныкъуэ щыщыпсэуар 1744 гъэм и пэ хъыжьауэ. Ауэ, псалъэм къыдэкIуэу, мыбы гу лъыдмытэу хъунукъым, зи гугъу тщIы картэм 1744 гъэм Арщыдан псыр кьызэрыгъэльэгъуар, къуажэ лъэпкъи, мыр зыщIа Чичаговым зэриткIмкIэ, мы псы Iуфэм зэрыIумысар. АрщхьэкIэ Думэнэхэ, Мэртазэхэ ятеуха хъыбархэри, Думэныкъуэ, Мэртазэ и тIыгъэ щыIп1эцIэжь кьэнахэри, пщы Къетыкъуэ Аслъэнбэч теуха хъыбархэр и щыхьэтыу мэуВ 1744 гъэм и Арщыдан дауэир псэуп1эу адыгэхэм яIаэу, нобэ къуажэр здэщыс щыпIэхэри абы хиубыдэу щытауэ. Абы щыгъуэм мы псы Iуфэм Iумысагъэнкlи хъунщ, Iэпхъуэшапхъуэным кьыхэкIыу.

Къетыкъуэ пщы лIакъуэр Арщыдан щыуфын и пэ мыр Идарейхэм е абыхэм гъунэгъуу егъэщIыпIэхэм (Мэртазэхэ) я щIапIэу щытащ. Ар хуоз 1563 гъэм. Мы зэманыр щIыналъэ куэд пщы Темрыкъуэ и Iэмыщ1э кьыщихуарщ, Идарейр щызэрыбыдащ. Абы и ужькIэщ зэныкъуэкъуныгъэм нэхъри зыкъыщIэтыр, Къетыкъуэ лъэпкъыр хуиту утыкум кьыщыувэр. Хуэбгъэфащэ хъун си гугъэщ, тхыгъэ-мэ 1570 гъэр кьыщыхэщIэ, Мэртазэхэ 1563 гъэхэм Мэртазэ и тIыгъэ Iуащхьэ лъапэр я псэупIэу щытауэ. Апхуэдэу щыщыткIэ, мы бжьыгъэм укъыдэбжэ хъунущ Арщыдан адыгэ жьлэжьым и ныбжьым ущыпетсэльыхькIэ. Иужькlэ екIуэкIа Iэпхъуэшапхъуэхэм, лъэпкъ дэкIа-дыхьахэм тепщIыкъ хъунукъым.

ГурыщхъуэщIу уеплIынкIи мэхъу мы бжьыгъэм, ауэ лъэпкъыжь мыбы къэкIуауэ щытахэм дащыщщи, сэ, ди адэжьхэм хъащIэнаэ, лIы ныбжьу блым кьриубыдэм сыкъыдобжэ. Ещхьыркъабзэу, лъэпкъым и ныбжьышхуэр кьыжиIэжащ режиссёр цIэрыIуэ Ерчэн Леонид. Ерчэнхэр зы хьэблэу ижь лъандэрэ мы щIыпIэм исащ.

ИщхьэкIэ зи гугъу тщIа зэманым укъыфIэкIмэ, иужькlэ къакIуэ лъэхъэнэр нэхъ убзыхуащ къуажэм и тхыдэм дежкIэ. Арщыданыпсым Iусащ зхьэлIэ зэмылIэужьыгъуэхэр: Елбэздыкъуэ, Хьэмырзэ, Сосналы, Къуэфокъуэ. Абыхэм кьищынэмыщIауэ, жаIэу щытащ Урым, Алъэсчыр, Ерчэн хьэблэхэр.

1847 гъэм ягъэхьэзыра тхыгъэм Къэбэрдеишхуэм и жылагъуэхэр зэхэхауэ хэртекIэ. Абыхэм ящыщу Арщыдан Iуфэ Iусхэр Къетыкъуэ пщы лIакъуэм хеубыдэ: Дохьэшокъуэ, Елбэздыкъуэ, Сосналы, Къуэжьокъуэ Мыхьэмэт. А пщыхэр мыбы дэсащ, я хьэблэхэм егъэщIылIауэ. Пщы Дохьэшокъуэ Жамбот и къуэш Къамболэтрэ уэркъ Жанокъуэ Мусэрэ къуажэ щаIащ Шэрэдж Iуфэ и ижьырабгъэм. Дохьэшыкъуей (Старэ Шэрэдж) кьуажэщIэ Къамбот и щIэкIащ щыIа-щыгъари. Къуэжьокъуэ Мыхьэмэт Арщыдан дэкIри Шэрэдж Iуфэ IутIысхьащ. Абы и цIэщ зэрихьэр Къуэжьокъуей Ищхъэрэ жьлэм (Шэрэдж Ищхъэрэ). Мыхьэмэт Щамил и дзэм жьыджэру хэтащ, а зауэм хэкIуэдащ и щхьэгъусэри езыри. Къуэжьокъуей Ипщэрщ иджы Жэмтхьэлэ хъужьр. НэгъуэщIу жьпIэмэ, мыр Къэщкъатэу щIыпIэщ, аращ Къетыкъуэпщхэм я Iыпэсжькъ. Мыбы щыIэ Хъыу щIыпIэм къиIэпхъукIауэ арщыдандэсхэм я нэхъыжьыр Хьэбар яIэщ. Арщыданыр, Мэртазэхэ ипэхъукIа нэужь, зэрыщыту Къетыкъуэхэ я Iыпэсжькъ хъуащ ЖыпIэ хъунущ.

Пащтыхь правительствэм и унафэкIэ къуажэ щIыкIуэхэр ин ящIащ 1865 гъэм. Абы адыгэжьр зэреджэр къуажэ зэхэхуэсу. Арщыданым зы щызащIащ Сосналы, Албэздыкъуэ, Хьэмырзэ, Ерчэн хьэблэхэм. Къуажэ зэхуэсыр Арщыдан ауэзыр щиухам, ятэ дыдэу фIащауэ щытар Сосналы Бэчмырзэ и цIэрщ, Сосналы къуажэ жиIэу. Абы щыгъуэ мыбы дэст цIыху 1237-рэ, унагъуи 160-рэ хъууэ.

1867 гъэм Сосналы Бэчмырзэ яхэтащ пащтыхьым ди щIыпIэм щыпмтехуауэ щыригъэкIуэкIа политикэр зымыдахэм. Абы кьыхэкIыу псалъэмакъ ираущIэкIащ, ар и цIыхуэсыгъуэ хъуащ. Пьостэналий цIэр трахьэу кьуажэм псым и цIэр - Арщыдан - зэрыфIащам. А цIэм кьытенауэ 1867 гъэм кьыщыщIэдзауэ ар ди нобэм къэсащ.

ДЖЭДГЪЭФ Борис,
усакIуэ, журналист.

Нэхъыжьхэм я щапхъэ

Арщыданым куэд хужьыIэфынущ, абы и тхыдэмрэ и цIыхухэмрэ теухуа тхылъи 1967 гъэм къыдэкIащ. А тхылъым щымыгъэзэжьэн папщIэ кIэщI дыдэу и гугъу сщIынут ди къуажэдэсхэр Хэку зауэшхуэм зэрыхэтамрэ къэрал псом щIэрыIуэ щыхъуа колхозыр зэфIэзыгъэувахэмэ.

- Сэ зы къуажэм и хэхъуэщIыкIэ сыт и мелуанэр мин 646,5-рэ тедгъэкIыщащ псэупIэ-коммунальнэ Iэнатlэм. ПхъэнкIий идзыпIэ ящ щыпIэхэр дгъэхъэбзэжащ, къуажэр зэIуэпэщ зыщIын Iэхъуэхэр зэфIэтхащ абыкIэ. 2011 гъэ лъандэрэ машинэ дыхьэхэрэ кIэрхьуфжьэрыхуэр кьыхеш. Къуажэр кьабзэнэ дэтхэнэми и Iуэхуу кьыдолытэ, аращи, а лэжьыгъэм балигъэ ныбжьыщIи щыдошалIэ, нэгъуэщIу дыпэлъащIыкуэми.

Псоми теухуауэ жыпIэмэ, псы кьыщIэщIыпIэ 12 ди къуажэм дэтщ, уеблэмэ апхуэдизи зиIэ ди республикэм щымащIэщ. Куэд щIакьым зы псы кьыщIэщIыпIэ абыхэм кьаззэрыхьэрэ, псы зэрыкIуэ бжьамийуэ иджыри метр 500 зэрыдукъуэдийрэ. Абы Iуэхур тIэкIу иригъэфIэкIуащ, ауэ лэжьыгъэшхуэ кьыпIэщIыпIщ жьы хъуэ бжьамийхэр зэхъуэжьыным теухуауэ. Къуажапщэм рэ къуажэкIэмрэ я льагагъкIэ метр 37-кIэ зэщхьэщокI. Абы кьыхэкIыу псымкIэ гугъу йохь къуажапщэм щыпсэухэр (къуажапщэм щхьэкIэ псы кьыщIэщIыпIэ тщIыну, мы гъэм кьриубыдэу абы и проектыр программэм хёдгъэуБыдэну ди мурадщ).

Дэ ди къарум кьихьарати, Тэрчокъуэмрэ Къалмыкъыкъмрэ я уэрамхэм бжьамий метр 1300-рэ щызэтхъуэжIащ, псы кьыдэжьипIэ 90 зэпагъэвэжащ.

Уэздыгъэм теухуауэ. Лениным и уэрам километри 9-р маблэ, зыхуей хуэдгъэзауэ. А лэжьыгъэ дыдэр мы гъэм щыдухьнущ Бжьэдыгъуэм и уэрамми. Нэхъыщхьэращи, абы текIуэдэнур диIэщ.

ЗэрыхъукIэ долажь гъуэгухэми. Лениным и уэрамым и гуэгур зыхуей хуэдгъэзащ федеральнэ программэм дызэрыхьысэфам и фIыгъэкIэ. Бжьэдыгъум и уэрамым ясфальт тредгъэлъхьащ, абы и Iыхьэщ1э Арщыдан Ипщэм уэзрыдыкьэр едгъэщIащ, Тэрчокъуэм и уэрамым кумбIъмбэхэр щыдогъэсей. Пушкиныр Чапаевымрэ я уэрамхэм мывэ кIэщхъ теткIутащ. А лэжьыгъэр щедгъэкIуэкIынущ Коопературив, Кавказэсэ, Iэрэмысэм я уэрамхэм.

- Къуажэм дэс сабийхэрэ щIалэгъуалэмрэ яхуэфащIэфым и гугъу уэзгъэщIынут.

- Арщыдан курыт еджапIэу щы дэтщ, зым школ кIуэгъуэ нэмысасхэм щадэлажьэ Iуэхугъуэ1ап1э хэту. ДиIэщ программазие, сабийхэм я зэфIэкIым зыщрагъэуэжь Инэ. Сабийуэ 160-рэ зыщIэхуэн гъэсапIэ едгъэщIыну абы и проектымрэ текIуэдэнымрэ я дэфтэрхэр дгъэхьэзырауэ диIэщ.

Спортым и гугъу пщIымэ, футболым, волейболым, шахматым, баскетболым дихьэххэм тренерхэр ядолажьэ. Дэ диIэщ «Бедик» стадионыр, футбол цIыкIу джэгупIэ, спортым хуэхха пэшхэр.

Ди къуажэ администрацэм щIалэгъуалэ Iэхъуэхмкlэ комитет кьыззэрыгъэпэщащ, икIи Iэщ1ап1эрэ щIалэгъуалэм ядэлэжьэныр и къалэну.

Къуажэжьум хуэзэу амбулаторэ диIэщ. Абы кьынэмыщIауэ, фельдшер-акушер Iэхъущ1ап1эхэр къуажэжьым щыIэщ.

Псым, уэздыгъэм кьыдэкIуэ, нэхъ лэжьыгъэщхьэу кьыттэщыпльхэм ящыщщ Щэнхабзэмкlэ унэр зыхуей хуэдгъэзащIэр. Илъэс 50 хъуащ ар зэраухуэрэ, абы лъандэрэ кьанэ щымыIэу зэи елэжьакъым.

- ФатIимэ, къуажэр ин хъуащи, цIыхуэр зэхъуэпшэсыри, Iэхъу гуэрым зэгъусэу унафэ требгъэщIынкъыри гугъу кьыщIэкIынущ. Къуажэ администрацэм хэт фи дэIэпыкъуэгъу?

- Бзылъхугъэхэм, лжьыгъэм и ветеранхэм я

Зэщхьэгъусэхэм я ІэдакъэщІэкІхэр утыку кърахьэ

● Гъэлъэгъуэныгъэ

Ткаченкэ Андрей и цІэр зезыхьэ Сурэтыщі гъуазджэхэмкІэ музейм КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ Колкутин Андрейрэ абы и щхьэгъусэ Кадыралиевэ Айгулрэ я Іэдакъэщіэкіхэм я гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэт иджыблагъэ къыщыдэІуахащ.

ГУПСЫСЭЩІЭХЭМРЭ дунейльаГъуКІэ щІэщыгъуэхэмкІэ гъэнщІа лэжьыгъэхэм псыІэрышэ щІыІэмылым хуэдэу гупсысэ щІэщыгъуэхэм я лъагъуэр пхашырт. Выставкэр кІыгэрымыкІуэ зыщІыр ар зэщхьэгъусэхэм ейуэ зэрыщытым и закъуэтэкъым, атІэ абы щыпльагъу Іэдакъэщіэкі гъэщІэгъуэнхэрт. Андрей къигупсысу Айгуль хидыкІа сурэтхэр «АК2» дамыгъэкІэ къэгъэльэгъуат. 1991 гъэ лъандэрэ Андрей и Іэдакъэщіэкіхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэр кІыІэрымыгъэхэр, иджырейм хуабжьу иригъавэрт, и щхьэгъусэм и гуапэ хъуащ, лэжьыгъэ дахэщ, плъыфэфэбэщ, - жиІащ КъБР-м и Сузейм и пэш нэхъ пхыдзам езым и сурэтхэмрэ пхъэм щхьэщІыкІа скульптурэхэмрэ щІигуашэри, и щхьэгъусэм и Іэдакъэщіэкіхэр пэш Іэхуитпъэхуитым щыфІидзат.

- Андрей псоми яцІыху, ар зэфІэкІ льагэ зиІэ сурэтыщІщ. Айгуль и лэжьыгъэхэр гъэщІэгъуэнщ, щІэщыгъуэщ, псэ хуабагъэ хэлъщ, сурэтхэм яцІэлъ щІагъыбзэм удехьэхри узэщІешэ. Абыхэм я Іэдакъэщіэкіхэр хьэлэмэту зэрызэпэдджэжым занщІэу гу лъыботэ. Сыхуеищ зэщхьэгъусэхэм иджыри мыпхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэ я куэдкІэ дагъэгуфІэну, - жиІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** къыщыпсалъэм.

- Творческэ унагъуэм я гъэлъэгъуэныгъэм уигу хегъахьуэ. Гъуаздджэм и дунейм Андрей куэд щІауэ къыщацІыху, фІыуэ щалъагъу. Зэщхьэгъусэхэм я Іэдакъэщіэкіхэр зэгъусэу утыку къызэрыхьар си гуапэ хъуащ, лэжьыгъэ дахэщ, плъыфэфэбэщ, - жиІащ КъБР-м и СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Темыркъан Геннадий**.

- Мыпхуэдэ махуэ лъапІэ сиІэжыну си фІэщ хуэхъуэсым. Хэдыкіын щыщІэздзагъащІэм гъэлъэгъуэныгъэ сщІыну сигу кьэкІыхьэртэкъым. Ауэ пэжым ухуеймэ, Іэщагъэм занщІэу сыдихьэхащ. ХэздыкІахэр цІыхухэм езгъэльагъуну сыт щыгъуи сыщІэхъуэпсырти - къызэхъулІащ. СынасыпыфІэщ нобэ, - жиІащ Айгуль къыщыпсалъэм.

- Си адэ-анэм я махуэ лъапІэмкІэ сохъуэхъу. Псом хуэмыдэу си анэм. Сэ хамэ къэрал сызэрыщыпсэум къыхэкІыу абы апхуэдизэ пэжныгъэ гъэщІэгъуэн иІэу сщІакъым. СащогуфІыкІ, срогушхуэ си адэ-анэм, - жиІащ зэщхьэгъусэхэм япхъу нэхъыжь Эмилие.

Колкутин Андрей и ныбжьэгъуэху сурэтыщІ Тураев Рустам, тхакІуэ, журналист Терехов Игорь сымэ хъуэхъу псалъэ гуапэхэмкІэ зэщхьэгъусэхэм зыхуагъэзащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Теплъэгъуэ

Адыгэ фащэм бзыльхугъэр нэхъри егъэдахэ.

● Дэ къытхуатх

Къэбэрдей уэрамым иІэ мыхьэнэр

Налшык къалэ щыІэрагъэпэщыж Къэбэрдей уэрамым щыІэ нэхабзэ и лъэныкъуэкІэ иІэ мыхьэнэр тІэкІу ебэу къыщохъу.

ЗИ ГУГЪУ сщІыр цІыхухэм я нэгузегъэужьыпІэ, шхапІэ бжьыгъэнщэхэмрэ я мызакъуэу, узэщІынигъэ мыхьэнэ зиІэ ухуэныгъэхэм уэрамыр зэрыхуэныкъуэрщ. Псом хуэмыдэу музейхэм (я унэтІынигъэкІэ зэмыщхьу: революцэм ипэ щыІа сурэтхэм, лъэпкъ фащэхэм, хьэпшыпхэм яхухэхауэ).

Ди тхыпІ тедзапІэм и гъунэгъуу мэкъщыщэрагъэпэщ щІыуэпс артефактхэм я гъэлъэгъуэныгъэм къищынэмыщІа, Къэбэрдей уэрамым «Мывэм и дуней», «Сурэтыжьхэм я дуней» музейхэр къыщызэІутхыну сфІэкъабылщ. Ауэ щыхъуэкІи, абыхэм мылъкушхуэ текІуэдэнукъым. Музейр зыхуеину мывэхэр Къэбэрдей-Балъкъарым и щІыналъэхэм къыщысщыпауэ сиІэщ, ди тхыпІ тедзапІэм щызэхуэтхьэса сурэтыжьхэри къыдэмэщІэкІыну къысщыхъуркъым.

Музейхэм хухахыну пэшхэри гугъуехьышхуэ хэмылъу къыпхуэгъэутынущ. Къэбэрдей уэрамым тет унэ №19-м и ещанэ къатым и пэш зыбжанэ ЦІыхубэ ІэпщіэлъапщІэхэм я центрым ейщ. А къат дыдэм зи гугъу сщІы музейхэр къыщызэбгъэпэщ хъунущ. ЩІэх-щІэхыурэ экспозицэр зэрахъуэжьым а уэрамым цІыху нэхъыбэ кІиришэлІэнут.

Апхуэдэ музейхэр цІыхухэм яфІэгъэщІэгъуэну екІуалІэ хабзэщ. Абы зэуэ къалэн зыбжанэ егъэзащІэ: цІыхухэм я лъахэм теухуауэ хъыбар нэхъыбэ ирегъащІ, хэкупсэу къэтэджынымкІэ сэбэнщ, тхыдэм щыгъуазэ хуеящ.

А щэнхабзэ Іуэхущіапіэр Къэбэрдей уэрамым къыщызэІуахмэ, абы турист нэхъыбэ къызэрекІуэлІэнум шэч хэлъкъым.

НаІуэ зэрыхъуажьмкІэ, Къэбэрдей уэрамым къеуэлІэж уэрамхэр шхапІэ цІыкІухэмкІэ зэхуащІынущ. Нэхъ тэмэму къыщІэкІынут апхуэдэ уэрам зэпыхьэпІэхэм я зым дэж тхылъ, альбом, буклет щащІ Іуэхущіапіэ цІыкІу къыщызэІухыныр. Апхуэдэ къыдэкІыгъуэхэри ди тхылъ тедзапІэм гъунэжу иІэщ. Си гугъащ ар ди республикэм щыпсэуэхэрэ зэхэщІэхэмрэ щхьэпэ яхуэхъуну. Къыхэзгъэщыну сыхуейт «Читай-город»-м фІэкІа нэгъэщІ тхылъ щапІэ ди къалэм зэрыдэмытыр.

КОТЛЯРОВ Виктор.

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур щыщхьэуІум и 27-рщ .

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабым цІыхухэр къыхуреджэ

2016 гъэм Урысей Федерацэм и Федералыз Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр хэхыным зыщыхухагъэхъзэзырымрэ хэхыныгъэр щекІуэкІ зэманымрэ сакъыу щытыпу

ЦІыху куэд щызэхьыхь щыпІэхэм, зыгъэпсэхупІэхэм, транспортым сакъыу, набдзэгубдзапІъэу щыщытын хуейщ. Терроризмэм зыщыхьунэмыкІэ гу зыпытапхъэ Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ мы къэкІуэнухэр:

Шэч фэзыгъэщІ хьэпшып гуэр фрихьэлІамэ, гулъытэнщэу фыблэмыкІ. Ауэ апхуэдэ хьэпшыпхэм фемыІусэ икІи зэкІуэцІымвыс: ар шынагъуэ зыпылъ Іуэхущ икІи гузэвэгъуэшхуэ кърикІуэнкІэ хъунущ. Террористхэм лагъымхэр ягъэпщкІын папщІэ цІыхухэм зэрахьэ къызэрыкІуэ хьэпшыпхэр - хъуржынхэр, тхылъымпІэ зэкІуэцІышыхьахэр, сабийхэр зэрыджэгу хьэпшыпхэр, нэгъуэщІхэри къагъэсэбэп.

ПІащІэгъуэкІэ фыздэпсалъэ хъуну телефонхэр:

- КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабым: 48-15-48;
- Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм: 40-49-10, 49-50-62;
- Урысейм Следственкомкі и комитетым Следственкомкі и управленэу КъБР-м щыІэм: 77-64-22;
- Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм: 39-99-99.

● КъБР-м щыІэ МВД-м

Сочэ зыщигъэпсэхурт

Бахъсэн районым и полицейхэм къагъуэтыжащ мы щІыпІэм щыщ цІыхубз хъыбарыншэу кІуэдар.

ЩЫЩХЬЭУІУМ и 8-м Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм и плъыр частым зыхуагъэзащ ильэс 21-рэ зи ныбжь цІыхубзым и адэ-анэм. Абыхэм зыщІэтэкъым я пхъур здэщыІэр.

Уголовнэ къэлъыхъуэныгъэм и лэжьакІуэхэм абы и хэщІапІэр къащІащ. ЦІыхубз щІалэм Сочэ зыщигъэпсэхурт.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

Полицей ныбжьыщІэхэм я дерс щхьэпэ

Полицей фащэ ящыгъыу сабийхэр республикэм и гъэзэгухэм къытехьащ, лъакъуэрыгъажэкІэ къэзыжьхьыну зыфІэфІ я ныбжьэгъуэху гъуэгухэм зэрыщызекІуэ хабзэр ягу къагъэкІыжьыну.

КъБР-м и Шэрэдж щІыналъэм и гъуэгухэм полицейхэм ящыгъуу къытехьащ я дэлэпкъуэгъу цІыкІухэр. «Сабий патруль» гуп зэрыгъэхъури, сабийхэм я ныбжьым лъакъуэрыгъажэм тесхэр къагъуэвыІэуэрэ щынагъэншащэу зекІуэным техуауэ ящІапхъэхэр жраІащ, хуагуэшащ а хабзэхэр зэрыт тхылъ цІыкІухэмрэ сабийхэм я щыгъыным е лъакъуэрыгъажэм хэплъхьэ хъуну нэху зыдэ хьэпшыпхэмрэ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД.

● Къэхъукъащіэхэр

Иджыри зы гъащІэ кърагъэл

2016 гъэм шыщхьэуІум и 16-м и пщэдджыжьым сыхьэти 8-рэ дакъикъэ 20-м Налшык МафІэсым пэщІэтынымкІэ и апэ гупым зыгуэр къэпсэльащ икІи жиІащ Йингуш уэрамым тет куэд хуэ псэупІэ унэм и 5-нэ къатым цІыхубз къельэну зэрыхэтыр.

ЗЭУЭ а щІыпІэм ягъэкІуащ мафІэсышхуэхэр гъэункІыфІыным хуэщІа частым и плъыр къэрэгъулэхэр. МафІэсгъэункІыфІэр дакъикъи 3-м крийубыдэу абы нэсащ. ЦІыхубзыр щхьэгъубжащхьэм тетт, къельэнуи къыщІэкІынут.

МафІэс автопкІэльэйм и рулым дэс Къалэбатэ Мурат пкІэлъейр зэриГэжащ. Плъыр къэрэгъулым и мафІэсгъэункІыфІ Къущхьэ Марат абыкІэ дэкІуеящ цІыхубзыр къришэхыну. Зыкъомрэ цІыхубзым идакъым, къельэну жиІэу. Арщхьэкіэ, Марат ар кьигъэдаІуэри, къришэхащ икІи ажалым кьригъэлащ.

ДэІэпыкъуэгъу псынщІэм и лэжьакІуэхэр цІыхубзым еплъащ, хущхьэу ирагъэфащ.

КъэхъукъащІэм и щхьэусыгъуэр хабзэхъумэ органхэм зэхагъэкІ.

Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

Дунейпсо зэхьэзэхуэм Налшык фыщеплъ

● Іэпщэрыбанэ

Щыщхьэуіум и 26-м Налшык спорт махуэшхуэ щекІуэкІынущ. Къэбэрдей-Балъкъарым Спортымкіэ и министерствэм диІыгъуу къызэрагъэпэщащэу Іэпщэрыбанэ зэзауэхэмкІэ дунейпсо зэхьэзэхуэм и етІуанэ Іыхьэр Универсальнэ спорт комплексым щызэхэтынущ.

ЗЭПЭЩІЭТЫНЫГЪЭХЭМ утыку къыщыхьэнущ спортсмен лъэрызехьэхэу, дуней псом, Европэм, Азием я чемпионхэу Зайцев Александр, Раджабов Раджаб, Гамидулаев Роман, Мамонтов Павел, Баймасханов Мовсар, Джураев Амрилло, Курбанмагомедов Мурад, Гугу Ислъам, Бесльэней Нурмухьэмэд, Сирожидиннов Одил сымэ, нэгъуэщІхэри. Дунейпсо зэхьэзэхуэм и зэІущІ нэхъыщхьэу щытынущ а спорт лІужьыгъуэмкІэ спортсмен щІэрыІуэхэу Къэбэрдей-Балъкъарым щыщ Мырзэкъан Азэмэтрэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм къикІа Родригес Риккэрэ я зэпэщытынгъэр. Абы текІуэныгъэ къыщызыхьыр дуней псом и чемпион хъунущ.

Іэпщэрыбанэ зэзауэхэмкІэ профессионал лигэм и дунейпсо чемпионатым и апэ Іыхьэр мэлыжьыхьым и 22-м Мэхкуу щекІуэкІащ. Абыкіэ къызэІуаха хъуащ а спорт лІужьыгъуэм и тхыдэм и напэкІуэцІыщІэ.

Н2НFIGHT-р Іэпщэрыбанэ зэзауэм и лІуужьыгъуэщІэщ. Адрейхэм къащхьэщыкІыу мыбы и зэІущІэр Іыхьитхуу зэпыудащ, дэтхэнэми дакъикъищ хуэхахуэ. Мыр лъыкІпсыкІ къызыхэкІ е хабзэ зимыІэ зэзауэхэм хуэдэкъым, атІэ спорт лІужьыгъуэ дахэщ, удэзыхьэхщ.

Чемпионатым и етІуанэ Іыхьэу Налшык щекІуэкІынур эфир занщІэкІэ «Матч ТВ» телеканалымрэ къаралищэм щІигъуэмрэ къыщыгъэлъэгъуэнущ. Мы илъэсыр имыкІ щыкІэ чемпионатым и Іыхьитl иджыри екІуэкІынущ. Абыхэм я хьэлъагъ елъытауэ чемпионыщІэхэр къыщыхахынущ.

Зэхьэзэхуэм ипэ къихуэу Мэхкуу пресс-конференцыщхуэ щыщхьэуІум и 24-м щекІуэкІащ. Абы хэтащ Іэпщэрыбанэ зэзауэхэмкІэ дунеипсо чемпион Мырзэкъан Азэмэт, УФ-м и Президентым и деж зэпымыууэ КъБР-м щиІэ и лІыкІуэ Быкъыш Ратмир, Іэпщэрыбанэ зэзауэхэмкІэ дунейпсо федерацэм и президент Астахов Сергей, Н2НFIGHT профессионал лигэм и президент Фигуров Виталий, щхьэзакъуэ зэзауэхэмкІэ Урысейм и промоутер нэхъыщхьэ Хрюнов Владимир, Къэбэрдей-Балъкъарым щыхь зиІэ и артисткэ Къэзан Сэтэней сымэ.

Чемпионатым утыку къыщихьэну спортсменхэм щыщхьэуІум и 25-м Налшык зыщашэчынущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.



● Банк Іуэхухэр

Щыхуэ зэрат щІыкІэр ирагъэфІакІуэ

Уней лъапсэ (ЛПХ) зезыхьэхэм щІыхуэ къыззрырат щІыкІэм урысейм и Мэкъумэш банкым зэхъуэкІыныгъэ хилъхьащ.

АПХУЭДЭУ нэхъыбэ дыдэу абыхэм банкым къыІахыфІынур иджы сом мелун 1,5-м нэблэгъащ, щІыхуэр къэзыщтэм и ныбжьыр ар щІпшыныжыну зэманым ирихьэлІэу ильэс 75-м фІэмыкІыу щытыпхъэщ.

Къ ы щ ы н э м ы щ І а у э , банкым и кредит Іуэхутхьэбзэхэр цІыху нэхъыбэм нэхъ тыншу къагъэсэбэфын папщІэ дяпэкІэ къалъытэнущ мэкъумэш-фермер зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу зэрыщытари абы щиІа ехъулІэныгъэхэри.

Урысейм и Мэкъумэш банкыр зэпымыууэ йолэжь и Іуэхутхьэбзэхэр егъэфІэкІуэным. Гулытэ хэха хуещІ унейльапсэ зезыхьэхэм ядэІэпыкъуным. «Урысеймэкъу-мэшбанк» акционер зэгуэхэныгъэм и кредитхэр зэрефІэкІым ящыщщ уней льапсэ зезыхьэхэм папщІэ процент ставкэхэр гъэмэщІауэ зэрыщытыр - процент 14,9-м щегъжьауэщ.

Къ ы щ ы н э м ы щ І а у э , кредитым техуэ процентхэм щыщ Іыхьэр къэрал субсидиекІэ япшыныжьыфынущ.

Нэхъ зэпкърыхауэ Іуэхум зыщыбгъэгъуазэ хъунущ: http://www.rshb.ru/natural/loans/lph/.

Урысей Федерацэм и мэкъумэш-промышленнэ Іэнатіэм епха Іуэхущіапіэхэм кредит-финанс Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэнымкІэ лъабжьэ быдэщ «Урысейм и Мэкъумэш банк» АО-р. Банкыр къызэрагъэпэщащ 2000 гъэм икІи нобэ ар ялъытэ АПК-м и кредитор нэхъыщхьэу. «Урысейм и Мэкъумэш банкыр» ди къэралым щылажьэхэм ящыщу нэхъ лъэщхэм, зи Іуэхухэр зэпІэзэрытхэм, мылъку хъарзыни зыбгъэдэлъ нэхъ банкышхуэхэм хабжэ. Абы и акцэхэм я проценти 100-ри къэрал мылъкущ.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Гу зылъытапхъэ

Гъэмахуэ зэманым лажьэ школ

Илъэс 30-кІэ Америкэм щылэжьа егъэджакІуэм инджылызыбзэкІэ хунту фытхэу, фыкъеджэу икІи фыпсалъэу фригъэсэнущ.

Ар ядолажьэ:

- зи ныбжьыр илъэси 8 - 15-хэм ит сабийхэм;

- студентхэм, балигъхэм, бизнесменхэм.

Курсым зезыгъэтэххэр тхьэмахуэм щэ къекІуэлІэнущ, тхьэмахуэ зэхуакуи 5-кІэ еджэнущ.

Инджылызыбзэ зыджыну хуейхэр 8-967-417-78-85 телефонымкІэ фыпсалъэ хъунущ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖЬэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ І Иэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторэ нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущіапіэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; здэщыкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр І994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныигъэр хъуэмэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущіапіэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышэкІ Соня**, *редактору* **Льостэн Муз**э, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(2, 4, 5-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Азэмэт** *(1, 3, 6-нэ нап.). Компьютерклэ газетым и тепльэр ящІащ* **Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Биту Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.538 ● Заказ №1344